

# PANJEBAR SEMANGAT

Weekblad basa Djawa adhedhasar kabangsan diwetokaké saben dina Sabtoe déning N.V. Handel Mij. Druk. „Indonesia” ing Soerabaja.

Directeur: R. Toekoel Soerohadinoto.

Regané langganan 1 kwartaal f 1,65  
kena dibayar saben sasi f 0,55. Koedoe  
dibayar dhisik. Toemrap sandjabané  
Indonesia: 1 kwartaal f 2.—  
Sawajah-wajah kena ndjaloké dadi  
langganan, nanging jèn lèrèn koedoe  
ing wékasané kwartaal.

Alamat Redactie lan Administratie  
„PANJEBAR SEMANGAT”  
Paviljoen G.N.I. Boeboetan.  
Postbox No. 147.  
S O E R A B A J A.  
Telefoon Red. lan Adm.  
Z. 3 4 8 9.

Hoofdredacteur: Imam Soepardi.

Ragad advertentie 1 regel f 0,25; apesé  
f 2,50 sak-pasangan. Jèn langganan  
(contract): bisa olèh soedan akèh.  
Kena ndjaloké tarif. Administratie  
wenang nolak sawidjining advertentie,  
tanpa nerangaké sabab-sababé.

## RADIO LAN PERS.

ING djaman modern iki, radio lan pers (lajang kabar) wis koedoe ora dianggep barang lux maneh, soewaliké koedoe dianggep barang kang wadjib diboetoehi sa dhéngahing wong. Sarana radio, kita bisa ngroengokaké bajawara lan pawarta kang perloe - perloe kita soemoeroepi, kanggo oendhaking kawroeh lan ngetoet lakoening djaman. Sarana pers, kita bisa matja andharan kang paédah, kabaran kang warna-warna, bisa nenoentoen kita ing dalan padhang lan ngoendhakaké sesoeroepan warna-warna kang ngebaki swasana kita sadina-dina. Semono maoe, kita dhéwé ija koedoe bisa milih dhéwé. Bener radio lan pers ike: migoenani, nanging jèn loepoet pamilihé, malah mitoenani. Oepamangé, jèn kita moeng sengsem ngroengokaké telagon-telagon kang ngroeng roem semangat waé lan jèn enggon kita matja soerat kabar moeng milih wedharan kang bisa nerokaké semangat.

Rong prekara, radio lan pers, iki, saiki saja dadi kawigatèn kita, kedjaba kita bisa mèthik paédahé, oega gegajoetan lan poetoesané pamréntah kang jasa bebada anjar kang diarani: regeeringspersdienst, kang nembé iki wis nganakaké patemon karo para djoernalis; lan kang kapindho sedya kanjatan masrahaké zender Wétanan saka Nirom marang P.P.R.K., wiwit tanggal 1 November ngarep iki.

Sarana adégé regeeringspersdienst, moega-moega ora moeng nganakaké kontakt loewih rapet saka péhaké pamréntah marang pers oemoemé, nanging bisoa nganakaké pambijantoe loewih gedhé manéh, satemah oerip pers partikelir bisa loewih ngremboejoeng, bisa saja soemabar ing kalangané rakjat.

Toemrap bakal toemindaké P. P. R. K. wis mesthi waé bakal agawé gembiraning atiné bangsa kita Wétanan ing kéné, awit kedjaba bandjoer ngrasa diwènèhi wewenang ngoeroes pepénginané dhéwé, oega gedhé pangareparepé bisané ombèr enggoné madjokaké kaboedajan tilarané lelohoeré dhéwé.

## NAJAKA WANITA.

### • NGLARAS KALOENGOEHANE WANITA INDONESIA ING EEBRAJAN OERIP.

Déning: R. M. SOEDARJO TJOKROSIWORO.

KASEBOET ing kabar saka Chungking, Madame Chiang Kai Shek, garwané djéndral Chiang Kai Shèk, panggedhéning rakjat Tiongkok kang sapréné woes teloeng taoen lawasé ajoen-ajoenan (perang) nglawan pangrabasèng (serangan) Djepang, mentas dji-noendoeng sinengkakaké ing ngaloehoer, dadi Najaka (minister) babagan wanita. Najakawanita kang kapisanan ing Tiongkok, Madame Chiang kaseboet; kaboeboehan manggalani (manggedhéni) sakèhing pakarjan lan jajasan, apa déné njenapaténi barisan wanita, kang ing sadironing Tiongkok pantjabakah (perang) nglawan Djepang maoe, woes kaseksèn (kanjataan) anggoné mbijantoe para prija kang mangsah ing paprangan.

Kaja para maos oewis taoe (naté) kroengoe oetawa matja ing poestakawarti, ing tanah-tanah Koelonan, oega ing tanah India, woes ana wanita kang dadi manggalaning pradja, mèloe mikir lan nindakaké papréntahan. Ana kang dadi warga raad, bur-

gemeester, warga komité oetawa komisi manéka-warna.

Sawoesé wanita Indonesia kawenangaké dipilih dadi warganing gemeenteraad, golongan wanita ing Indonesia loemantar ing poestaka warti sarta ing parepatan, nglairaké preloené ing Volksraad oega ana warga wanita Indonesia.

Jèn disemak, lakoe-djantraning obah-obahan wanita ing Indonesia kéné, kang katon trontong-trontong tjetha, wiwit bijèn moela, kang dianggo tepa toeladha oetawa toetoroetan, moeng obah-obahan lan kahanané wanita Koelonan. Soewé-soewé ing madyaning obah-obahan wanita maoe thoekoel grengseng ngroengkebi kawanitan Indonesia. Jèn digerba gampang-gampang, tjorèké obah-obahan wanita bangsa Noesantara ana warna teloe:

a) Nélad (niroe) tjara Koelonan, amarga grengseng oetawa semangaté pantjèn katoelaran koelonan;

b) Ngemohi tradjang lan semangat koelonan, memetri tinggalané para sepoeh;

c) Sithik - édhing, ndjoepoek gagrag anjar saka ndjaba, dilarasaké lan kaboedajané dhéwé.

Bab iki dadi kawadjabané para wanita. Moela moeng tak poenggel samono baé. Moenggoeh karepé goebahan iki moehoeng ngélingaké marang sapa kang lagi diparingi lali, dadi ora mantjahi (njéda oetawa ngiritik), sanadjana wantjahan ike toemrap lakoe ngèsthi kaloehoeran, preloe banget, oeger dhapoekan (vorm), greget (toon) lan isiné (inhoud) prasadja.

Oewis wola-wali diterangaké, manoesa ora bisa oerip idjèn (dhéwé). Samono oega bangsa. Saloemahing boemi sakoerebing langit, manoesa tinitahaké oerip bebarengan, gotong - rojom, badjong-binadjong, ngangkah katentremen lan kaslametaning manoesa kabèh. Ija katentremen lan kaslametan maoe kang mbabar kadjatèning oerip. Awit saka ike, satoengané bangsa sidji lan sidjiné prajoga weroeh-ameroehi, idjol-idjolan barang kang betjik, padha dianggo.

Moela, wanita Indonesia nélad barang apa baé saka mantja, ora ana èlèké, oeger tansah dilarasaké lan barang-barang doewéké dhéwé. Doewéké dhéwé kang isih koedoe dipepetri adja dibowang, kapara (malah koedoe) dioedi moerih betjiké, larasé lan oerip gagrag anjar déning saka kalebon gagrag weton ndjaba, kang pantjèn ora kena disirik barbar pisan. Kosok-baliné, adat tatjara kang oewis ora ndjaman, ora preloe digondhéli, nanging adja dianggo garan ngoeman-oeman (ngolok-olok).

Wanita kang wanter anggoné soemedya ndjoendoeng dradjadé wanita sak ngolok-olok adat tatjara bangsané dhéwé, kang dirani kolot, nganggo sarana mrada nganti soendhoel langit lakoe djjantraning obah-obahan wanita Koelonan. Tradjang mangkéné iki, sisip sembire (jèn ora kabeneran), ija noewoehaké rasa asor, rasa kalah oetawa rasa tanpa adji, minderwaardigheids-



Botjah lepasan Ambachtsleergang ing Loemadjang jasa pakoempoeian „anti Hoedaja” perloe gawé piranti saka wesi lan zink, apadéné sèndhok garpoe lsp. Pakoempoelan iki dipimpin déning R. Soengeng.

gevoel, kaya kang woes tak pata-  
télakaké kaseboet ing goebahan  
„Woelang Dalem Ingkang Si-  
noehoen Bagoes” ing P.S. kaping  
10 Agustus 1940, angka 49.

Ora kena disélaki, pantjèn ba-  
rang anjar saka ndjaban rangkah,  
ora koerang-koerang kang kena  
dianggo, pantjèn betjik-apik. Ko-  
sok-baliné, tinggalané éjang-  
éjang djaman bijèn ija ora sathi-  
thik kang toemekané saiki isih  
patoet dipepetri (di-emi-emi, di-  
opèni).

Kaseboet ing lajang-lajang ba-  
sa Djawa kang wis tak tintingi,  
woelang-woeroeké embah-embah  
ing djaman samana akèh banget  
kang isih bisa dianggo wawaton  
(dhasar) oetawa antjer-antjer  
toemrap wanita anggonné kawa-  
djiban mèloe laboeh pradja, ne-  
tepi kadjatèning wanita.

Jèn para kang roemangsa ti-  
nanggenah, ora prajoga jèn ang-  
gonné mraboti obah-obahaning  
golongan wanita moeng ndjoe-  
poek saka Koelonan oetawa  
ndjaban rangkah, amarga mban-  
djoer djeneng nisih, djomplang,  
lan emban tjindhé emban siladan,  
oetawa ndhojong. Berat sebelah,  
ora adil, oetawa ija ora pratitis,  
amarga ora bener.

Kajata oepamané ing bab wa-  
wasan ngloehoeraké dradjading  
wanita, kang akèh-akèh wong  
moeng ndjoepeok babad Koelo-  
nan, nglaras kahanan ing ndja-  
ban pager. Jèn ana remboeg  
ndjaloeok wakilan wanita ing  
raad-raad, adhakané kang di-  
anggo toeladha lija pradja. Be-  
tjik baé ndjoepeok tepa-toeladha  
lija. Nanging, loewih betjik lan

loewih noewoehake greget, jèn  
dikanthèni tjoekilan sadjarahé  
dhéwé.

Rong taoenan kapoengkoer,  
akoe gawé andharan ing kala-  
warti iki, methik angger-angger  
djaman koena, mratélakaké loe-  
hoering kaléhoerané wanita ing  
bebrajan Indonesia. Loemrahé  
wanita saiki, goemampang nga-  
rani jèn oeripé wanita Indonesia  
ing bebrajan Indonesia prasasat  
kabanda, ora doewé wewenang  
apa-apa, panggonané asor.

Jèn naloeri babad, mangkono  
maoe ora bener. Ing djaman  
Mataram kapisan (Mataram Hin-  
dhoe), wanita kang woes omah-  
omah, kawenangaké gawé pra-  
djandjijan dhéwé, ora preloe di-  
wakili oetawa dikoewati rabiné  
(bodjoné), jaikoe bab nata wa-  
risan, oepamané: gawé pradjan-  
dijian jèn awaké tinggal donja,  
papan pomahan lan sawah tegalé,  
toemoeroen marang anaké dhé-  
wé (anak koewalon ora ndar-  
bèni).


Malah nalikané djaman Madja-  
pait, wanita doewé wewenang  
milih loerah.

Saiki ing Tiongkok ana Naja-  
ka wanita.


Wanita Indonesia mesthi ija  
doewé pangèsthi bisané ing tem-  
bé golongan poetri kasampirana  
kawadajiban mèloe ngoelah pra-  
dja, sanadjan ora dadi najaka  
pisan.

Wanita Indonesia doewé pe-  
poendhèn. Bangsa Indonesia doe-  
wé gegedhoenging wanita kang  
gedhag-gedhig.

Kaseboet ing ngisor iki kahan-  
dharaké moeng sapreloe :



Ditambah banjak tjorak baroe, potongan besar. Kirim oeang f 4,25 terima sam-  
pai roemah 2 kain pandjang, f 13,50 terima 7 kain pandjang sebagai tjontoh.



**EMAS GS. KOEAT- HALOES- MENGKILAT- MOERAH.**

Boleh PILIH, boeat RECLAME, kirimlah oeang :

f 0,55	terima sampai roemah 1 pasang gelang besar.
„ 0,45	„ jang tanggoeng atau ketjil.
„ 0,65	„ 1 toesoek koendé model boenga.
„ 0,35	„ 1 „ sigar pendjalina.
„ 0,25	„ 1 „ oekel.
„ 0,70	„ 1 mainan djam model bagong.
„ 0,35	„ 1 tjintjin model stempel.
„ 0,35	„ 5 „ kawin.

Precies emas asli, model bentoeknja seperti jang harga mahal. Tjoema bisa da-  
pat kepada

**BATIK INDUSTRI SUCCES DJOKJA.**



### Tinggal diroemah kepoenjaan sendiri

adalah tjila-tjita saloe familie jang berbaha-  
gia, sebab iloe moeltalah dari sekarang menjimpan  
pada

**POSTPAARBANK**  
DIATAS TANGGOENGAN PEMERINTAH

1. **Nata Dèwi Icana Toeng-  
gawidjaja** ing Mataram kapisan,  
bèrboedi bawa lesana, adil adhem  
papréntahané.

2. **Mahéndradatta**, ingkang  
Iboe Airlangga kang kondhang  
kaonang-onang, kaseboet ing ba-  
bad Nata prawirèng joeda.

3. **Djajawisnewardani**, Nata  
Dèwi ing Madjapait kang sine-  
boet adjedjoeloe Bhré Kahoe-  
ripan.

4. **Praboe Soehita**, ija Praboe  
Kenja ing Madjapait, kang ma-  
soeh salira, akoerban laboeh na-  
gara, krama olèh widjiling dhoe-  
koeh (botjah désa).

5. **Njai Gedhé Pinatèh**, soe-  
dagar ing Gresik, econoom wa-  
nita gambèn, kang mimbasara  
(goelawenthah, mendidik) Soe-  
nan Giri.

6. **Ratoe Kalinjamat**, Adipati  
wanita ing Djepara, kasoera  
limpad lan wantèr ing galih, dadi  
pramoegari ngangkataké wadya-  
bala mbijantoe Djohor lan Atjèh  
nalika nanggoelangi bangsa Por-  
tegis.

7. **Ratoe Wandhansari**, gar-  
wané Adipati Soerabaja, Pangé-  
ran Pekik, Srikandhi ing djaman  
Mataram-Islam (Mataram ka-  
pindho).

8. **Rara Kapoetjangan**, Kenja  
Soetji, wadad datan akrama, ma-  
deg pandhita, poetra Airlangga,  
wajahé Mahéndradatta.

9. **Dèwi Angrèni**, garwané  
Inoe Kartapati ija Pandji Asma-  
rabangoen, dadi pralambang ka-  
setyaning wanita.

10. Isih akèh toenggalé, di-  
goebah lija dina.

Apa oewis taoe ana parepatan  
wanita ngloehoeraké para wanita  
tetoenggoel kaseboet ing ndhoe-  
woer?

Obah-obahan wanita ing Indo-  
nesia prajoga nempoeh dalam

anjar, ing sadjoné toemandang  
samoebarang gawé toemrap per-  
gerakan, oega ngloempoekaké la-  
jang-lajang (boekoe - boekoe)  
Djawa, apa déné njinaoe babad  
apa baé, ditjoekili kang preloe-  
preloe, ngiras nanggoelangi sa-  
rana tandang (daden) greget,  
sandoeng djegloek moeng tan-  
sah ngérang-érag kabangsané  
dhéwé, soepaja ora kabandjoer-  
bandjoer soelap, pangling ma-  
rang darbèké dhéwé.

Ora ana pamboedi kang ora  
mbabar oewoh, oeger diroengke-  
bi. Kanggo ngantebaké, goebahan  
iki tak djoegag kanthi moendhi  
woelang dalem **Goesti Kangdjeng  
Ratoe Kantjana**, Garwa Dalem  
Ingkang Sinohoen P.B. IV, ka-  
seboet ing lajang **Djajèngsastra**  
(tembang Sinom) :

„Satrija tiwasing joeda, poelo  
sabrangan sarandil, dèn akèh sa-  
biling manah, pandjanging kang  
boedi srani, hasta wreksa saoe-  
pami, koenarpaning gantèn  
aroem, angèl jèn linampahan,  
gampangé jèn woes binoedi, kra-  
mèng wijat sajekti ora rekasa”.

### TJOBALAH PEROEN- TOENGAN TOEAN

dengan membeli LOT pada :

— A D J A R —

Paviljoen G. N. I.

— Soerabaja. —

Hoofdprijs f 75.000.—

Harga per 1/1 lot... .. f 12.—

„ „ 1/2 „ ... .. „ 6.—

„ „ 1/4 „ ... .. „ 3.30

„ „ 1/10 „ ... .. „ 1.60

Harga ini soedah terhitoe ong-  
kos kirim. Remb. tidak diterima.

Oentoek menghémat, oeang pe-  
sananan bisa dikirim bersama pem-  
bajaran abonement „Panjeban  
Semangat”.

Menoengoe pesanan.



### DAJANE mBOK RARA IRENG.

Bebajané tjandoe.

(P a n g k o e r).

Akoe bisa oera-oera, ran-oe-rankoe ana sapinggiring kali, kali thoekoelaning kangkoeng, minangka panglipoer manah, saben dina tan kendhat amikir boetoe, loewoeng baja oera-oera, mbok-manawa bisa lilih.

Wong njerèt djaréné ala, awak koeroe ambambang kaja Premadi, lambé biroe saja patoet, ing tembé moenggah swarga, kang mangkono kinasihan mring Hjang Agoeng, awit mbantoe gawé méga, anambal bblonging langit.

Djaréné watak satrija, anetepi dhawoehé Hjang Maha Soektji, angréwangi gawé mendhoeng, paring wé wong kasatan, oedjarira bagoesé kadoedoe-doedoe, sineboet kasihing Allah, samoebarang sarwa gemi.

Kotjapa jèn ketagihan, tjahjanira katon poetjet memedèni, polatan tansah metjoetjoe, sarira tanpa daja, samoebarang kang katoh moeng gawé nesoe, sarwa salah jèn ngandika, toemrap marang anak-rabi.

Wong wadon menjang pasar, soen sangani rong étjé soesoek setali, toekoewa tjandoe rong gloendhoeng, miwah sroetoe rong kothak, lamoen toerah toekokna gerèh lan baloer, jèn moelih noempaka dhokar, rodha karèt djaran tedji.

Angoengak - oengak ing lawang, ngarsa-arsa praptanira ingkang éstiri, woes soewé doeroeng mantjoengoel, tanboeh ta paranira, thimak-thimik marepegi mring sang mantoe, kepanggih aloemah - loemah, pitakon sarwi sing nggremeti”.

Mantoené dèn sija-sija, dipoen rangkèt tan kendhat dipoen penhoengi, „tjah gembloeng prijé karepmoe, soen roemangsa kélangan, ana ngendi tikékoé kari sangoendhoeng, élingkoe neng ndhoewoer lawang, mesthi kowé sing nggremeti”.

Sang mantoe asambat-sambat, „Adhoeh - adhoeh begdja temen akoe iki, awak lemes dipoen poepoeh, soen dhéwé ketagihan, beoedankoe nganti soen grodjogi banjoe, awit ora bisa toembas, kebangeten awak mami.”

Sang mantoe lan maratoewa, sakaroné padha datan doewé dhoewit, ketagihan angaloemproek, wis sasat tanpa daja, soeprandéné garedjegan padha padoe, kesaroe sing wadon teka, djenggèlèk padha marani.

Sang mantoe noelja toemandang, nggodhog wédang goela

boeboek teloeng dhoewit, sinambi ambakar pohoeng, mangka kanggé pajitan, maratoewa sengkoet dènnja njoekit tjandoe, mbedhingkrang loenggoehé djigang, samja njerèt bantal dhingklik.

SOEBARIANTO.



### AMA TIKOES.

Koedoe dibrantas teroes.

TIKOES ikoe ora moeng dadi moengsoehé tetandoeran baé, oega dadi moengsoehé manoengsa. Sapa kang ora ngreti, keprijé lelara pès olèhé gawé giris? Lelara iki asalé saka tikoés. (Lelara pès ikoe ora djalaran saka tikoés. Tikoés moeng njebaraké). Prof. Dr. Otten gedhé laboehané ing bab nanggoelangi lelara pès maoe. nDandani omah-omah (woningverbetering) ikoe toemraping lelara pès gedhé paédahé.

Orèhan ing ndoewoer maoe moeng kanggo nerangaké manawa tikoés ikoe ora ngemoengaké mbebajani toemraping pari baé, sanadjan toemrap manoengsa ija.

Mitoeroet para ahli, tikoés ikoe gampang bisané bebrananan, djalaran manak sepisan, anaké bisa nganti seloesin. Karo manèh tjindhil-tjindhil maoe mesthi djedjochowan; dadi tjatjahing lanang lan wadon padha.

Pangroesaking tikoés marang tandoeran pari ikoe loemrahé nalika manak. Pari kang lagi meteng diroesak; sawah kang amba angilak-ilak, sawengi baé poelohan baoe kang roesak.

Wis dakterangaké manawa pangroesaking tikoés ikoe nganggo mangsa. Sawah kang mentas dipanèni noeli ditandoeri pari manèh, ikoe bakal dipangan ing ama tikoés, walang sangit, manoe lan lija-lijané. (Saben panggonan, panandoeré pari sabisa-bisa koedoe bareng. Djalaran jèn ora bareng, sawah kang mentas tandoer kang doenoengé tjedhak karo sawah kang pariné wis mratak oetawa mlentjoet, ikoe adhakané ketradjang ing ama tikoés oetawa ama lijané saka sawah satjedhaké. Ama ikoe ana kang ngroesak pari kang isih enom lan ana kang ngroesak kang wis toewa.

Sawah kang mentas panèn noeli ditandoeri pari manèh, tandoeran anjar ikoe mesthi diroesak tikoés kang noesoeh ing kono. Karoesakané loewih gedhé, djalaran ing nalika panènan kang kapisan tikoés-tikoés maoe wis padha manak bebrananan. Jèn sawah kang mentas panèn ora toemoeli ditandoeri pari, tikoés-tikoés maoe ora bisa olèh panganan, woesanané mati oetawa ngalih menjang lija

## HIER ZIJN RESULTATEN

ongévenaard v.h. handelonderwijs m. volledig leerplan in Indië behaald binnen den normalen studietijd door gewone scholieren v. Onder- en Bovenbouw, die bovendien nog v.h. volledig leerplan met 15 vakken hadden te studeeren.

### RUIM 80% GESLAAGDEN of 69 CANDIDATEN.

boekten onze handelsscholen te Soerabaia, Malang en Bandoeng v.d. medio Mei 1940 afgenomen examens. Kantoorstenografie 130 l. gr. en typen 45 l. gr., vanwege de Federatie „Groote” in Ned. Indië. (Voor voll. naamlijst zie I.C. 15 Juni j.l.) Voor het diploma Boekhouden-A v.d. nd. Bond. (April ex. 1940) slaagden onze volgende 22 scholieren: Boerhan, Radijo, Koesno. Tjoe Djang Hwa, Koesnan, Soetardjo, Loo Tiang Hie, Soedijo, Abdoel Madjid, W. de Rochemont, Sajoedi, Oei Sing Bo, Djaelani, Liem Tjeng Piau, A. B. Gerung, M. J. Frankema, Soekandar, Soekardi, Soemikoen, Oetomo, Soengeng, Tjhe Kiem Lan. Voor het B-praktijk diploma Boekhouden slaagden ALLE 3 candidaten, die hier voor waren opgegaan, t.w.: L. A. Albinus, Tjeng Gwan Liem en L. H. Tan. De eerste 2 cand. zijn gewone scholieren van onze Bovenbouw. Deze topprestaties zijn tot dusver slechts geleverd door de H.V.S.-s. Voor beter handelonderwijs, met controleerbare resultaten kieze men de:

## H.V.S., HANDELS-VAKSCHOOL

„SOERABAIA” Oendaän Oost 40, Soerabaia (Goedgek. Dep. O. & E.) Handelsdagschool v. jongens en meisjes. 3-j. Bovenbouw v. ll. 7e kl. L.S. met Voorklas (v. ll. 6e kl. doorl.) en 2-j. Bovenbouw v. ll. 3e kl. Mulo (doorloopen). Vraagt volledig en geill. prospectus.

Filiaal te Djokja: Djocjasche Handelsschool, Kweekschoolaan 3; filiaal te Malang: Malangsche Handelsschool, Temanggoenganstr. 6; filiaal te Bandoeng: Bandoengsche Handelsschool, Floresstr. 10.

panggonan).

Manawa sawah kang mentas panèn ora toemoeli ditandoeri pari manèh, tikoés-tikoés maoe olèh pangan damèn thok. Ana bebasané: „Tikoésé wènèhana bagéjané, jaikoe damèn lan pari kang kèri.”

Para tani lan para ahli lanbo padha ngandel, nandoer pari teroes-teroesan ing sawah kang djembar angilak-ilak, oepama ing Krawang, Tjiandjoer, Bandoeng, ikoe ora bakal betjik, temtoe dipangan ing ama.

Ing kono kètok manawa kang padha mboeroe tikoés ikoe ora ngemoengaké wong sidji loro, mèh sakèhing wong tani, nganggo dipanggedhèni loerahé. Golongan lanbo ora kèri. Goeroe samoeridé oega padha mèloe.

Ama tikoés ing bawah Tjiparaj anané wiwit taoen 1937, jaikoe sawisé wong tani teroes-teroesan (kilan damèn) olèhé padha nandoer pagi. Sapérangané sawah-sawah maoe olèhé kena ing ama tikoés nganti 3 oesoem.

Begdjané déné ing Tjiparaj akèh pakoempoelan Koperasi Loemboeng, didjenengaké Loemboeng Sri; loemboeng maoe sing mitoeloengi marang rakjat sarana ngoetangi pari oetawa dhoewit marang para wargané, nanging sanadjan wong kang doedoe warga ija ditoloengi. Pamréntah oega anggali marang kasoésahané rakjat ing distrik Tjiparaj. Para poenggawané kantor lanbo akèh kang kapapanaké ing kono, kang pagawéjané ngemoengaké njirnakaké ama tikoés, sarana diratjoen nganggo fosfor, rongé dipompa lan lija-lijané.

Djalaran saka pitoeloengané para poenggawa B.B. lan poenggawa désa, kena diarani jèn ing taoen 1940 bakal dadi betjik, djalaran ama tikoés saja soewé saja

soeda. nganti kena diarani ilang.

Sedoeroengé oleh pitoeloengané golongan-golongan kang kaseboet ing ndhoewoer, sawah kang roesak dipangan ama tikoés nganti pirang-pirang éwoe baoe.

Kèhing tikoés kang mati djalaran saka tarèkah maoe wis temtoe tanpa étoengan.

Para tani ing panggonan-panggonan kang isih akèh amané tikoés, diprajogakaké soepaja: „Tepoeng remboeg karo golongan lanbo.”

Njirnakaké ama tikoés ikoe koedoe dianggep pagawéjan kang soetji, djalaran jèn tikoés-tikoés maoe ditogaké baé, mesthi agawé roesak; oega ateges njingkiri bebaja, djalaran tikoés ikoe ora ngemoengaké mbebajani toemrap pari baé, oega toemrap djiwaning manoengsa.

Esta ing „Éko. Rakjat”

### ZAKELIJK.....

Kanggo anggampangaké lakoéné pagawéjan, betjiké para maos jèn kirim lajang marang kita, disilah - silahaké, apa kanggo adm., apa kanggo redactie.

Semone oega jèn arep memoendhoet barang (boekoe) ing advertentie P.S. ija adja ditjampoer karo postwissel kang kanggo P.S. Ing adv.-adv. maoe rak wis ana adrèsé dhéwé-dhéwé.

Akèh para sedoeloer kang ora bisa énggal-énggal diladèni pamoendhoeté, ija merga njampoer bawoeraké oeroesan maoe.



## WAWASAN MANTJA NAGARA

### PAPRANGAN ING BOEWANA EROPAH. SARTA SOEMOEKE ING SAINDENGE

#### BOEWANA

Kapethik saka kabar kawat kang katampa déning „S.O.” lan „Tempo”.

L o n d e n, 4 Aug. (Aneta-L.E.F.). Redacteur „Sunday Times” babagan diplomatiek mawas bab bisa lan orané Djerman ngedègi Dakar (koetha ing Afrika koelon). Dikandhakaké, manawa samangsa ikoe kedadéjan, bakal ndjalari kedadéjan-kedadéjan kang hébat lan bisa oega ngantjam kaloenggoehané Inggris ing Afrika, mengkono oega dalan saka Samodra Atlantic menjang Tandjoeng Pangarep-arep Betjik (tandjoeng ing Afrika sisih kidoel).

L o n d e n, 3 Aug. (Aneta-Reuter). Premier Inggris weling: bab bakal ija lan orané Djerman ngrangsang Inggris, babar pisan doeroeng keliwat. Bab anggonné Djerman njebar-njebaraké kabar angin jèn ora nedya njerang, adja dioegem-oegemi. Kita kang wis insjat marang kekoewatan kang saja woewoeh lan teroes sedhija, ora kena mbandjoer talompé”.

M a d r i d, 3 Aug. (Aneta-Reuter). Manoet korèspòndèn kantor pekabaran „Efe” ing Vichy, djaréné saploké sawatara dina iki Hitler sesamboengan rapet banget karo pemimpin<sup>2</sup> wadyabalané. Diterangaké, manawa larangan-larangan toemrap perhoeboengan post lan tilgram antarané daérah kang diedjègi lan kang ora, ndoewèni sedya ngalang-alangi botjoring kabarkabar bab pasedhijan-pasedhijan kanggo perang gedhé karo Inggris.

B o e k a r e s t, 3 Aug. (Aneta-Reuter). Barisan Wesi ing Roemenia njebaraké lajang sebaran leksan ing saindeging pradjang kang atjiri „ora ana pamasrahan”. Ing lajang-lajang sebaran ikoe dioewoeh soepaja wong-wong Roemenia mboekak mripaté toemrap anané bebaja kang diadhepi ing wektoe samengko, sarta ngandhakaké manawa garis padjangan Roemenia ing Bessarabia lan Boekowina wis sirna, lan saiki Roemenia bakal kélangan Droboedzja lan Transylvania.

T o k i o, 4 Aug. (Aneta-

Reuter). Toemrap tangkepané wong Djepang 2 ing Londen ikoe, s.k. „Hochi Shimbun” ndhesek marang pamréntah soepaja nindakaké rerigen-rerigen kang dirasa betjik lan goemèndhel, kajata medhot sesamboengan-sesamboengan diplomatiek sarana ngoendang bali ambassadeur Djepang ing Londen.

L o n d e n, 5 Aug. (Aneta-Reuter). Manoet kabar - kabar kang katampa ing Zwitserland, pendhoedhoek ing Berlin tansah djoedheg merga akèhing serangan-serangan Inggris saka gagan. Göring ora koewawa ngajomi wong-wong Djerman. Manoet „Journal de Geneve”, katjilakan-katjilakan ing peroesahaan ing pabrik-pabrik Djerman sisih koelon saja tambah, merga kerep anané tengara bebaja saka gagan, kang ndjalari kaoem boeroeh Djerman ora bisa toeroe.

L o n d e n, 5 Aug. (Aneta-

L.E.F.). Manoet panemoe oemoem ing Inggris, panggetjaké Djerman marang Inggris ora soewé manèh bakal kaangsakaké. Wong ing Londen antarané nerangaké, manawa kahanan ing wektoe samengko bisa oega dipilih Djerman kanggo ngangsakaké serangan. Ikoé merga plethèking mboelan poernama, kang ndjalari segara rob. Iki moeng sawatara dina waé ing dalem sesasiné, lan bakal kedadéjan mbésoek plethèké sasi Septèmber.

L o n d e n, 5 Aug. (Aneta-Reuter). Ing Sofia (Boelgaria) wong padha nganggep, manawa pamréntah Roemenia wis minangkani pepénginané Boelgaria toemrap Droboedzja; déné ing Boedapest ana pangrasa ora was merga sikepé Roemenia toemrap Transylvania.

B o e k a r e s t, 5 Aug. (Aneta-Reuter). Reroewed bab Transylvania saja ndadi ing Boekarest. Maniu (pemimpin party liberaal) njengkah manawa pamréntah Roemenia remboegan karo Boedapest oetawa pamréntah-pamréntah lijané, perloe minangkani pandjaloekané Honga-

ria.

S h a n g h a i, 5 Aug. (Aneta-Havas). Kongsoel djéndral Amerika ing Shanghai protès marang panggedhé Djepang, merga ditahané kapal „Estelle”. Kapal iki ditahan Djepang saplok 31 Juli.

S h a n g h a i, 5 Aug. (Aneta-Reuter). Manoet „Domei”, soedagar bangsa Djepang teloe ing Rangoon (Sijem) ditangkep. Ambassade Djepang netepaké beneré kabaran iki.


L o n d e n, 6 Aug. (Aneta-Reuter). Saka panelik-paneliké kapal terbang R.A.F. (Inggris), bisa kasoemoeroepan manawa samengko serdhadhoe - serdhadhoe Djerman lagi sinaoe moeng-gah moedhoen ing praoe.

T o k i o, 6 Aug. (Aneta-Reuter). Ambassadeur Inggris ing Tokio, Craigie, komprènsi karo minister Djepang oeroesan ndjaban rangkah. Kang dianggo wawan remboeg jaikoe bab panangkapan rakjat Inggris ing Djepang lan rakjat Djepang ing Inggris. Dikabaraké manawa piremboegan-piremboegan ikoe katindakaké kanthi swasana betjik.

C a i r o, 6 Aug. (Aneta-Reuter). Communiqué Mesir antarané ngandhakaké: „Moengsoeh (Itali) wis wiwit nerdjang daérah pengajomané Inggris ing Somaliland”. (djadjahan Inggris ing Afrika pasisir wétan).

Gandhèng karo ikoe kalangan militair ing Londen nerangaké, manawa barisan-barisan Itali sadjaké arep ngeher menjang teloe Aden (teloe ing negara Arab sisih kidoel, lan kabawah Inggris), plaboehan - plaboehan Berbera lan Zeila (Somaliland).

(Tjandhaké ing katja 17).



Ing wektoe kang wekasan iki barisan kapal terbang Inggris R.A.F. nggregoet anggonné nelik oetawa nempoeh ing laladaning moengsoeh. Ing ndhoewoer iki sawidjiring kapal terbang R.A.F. kang lagi bali kanthi slamet saka laladaning moengsoeh.



### SESOELOEH TOEMRAP ORGANISATIE DAGANG MODERN.

Kèthèré kaoem dagang bangsa kita.

Déning : Mr. SOEDJONO, II.

Wiwit koena moela, dagangan kang santosa dhéwé ikeo dagangan kang dimonopolie (wong lija ora kena oetawa ora bisa dagang barang ikeo). Dagangan bangsa Walanda ing Indonesia bijèn wis kanthi monopolie, bangsa Walanda ndjoepoek dagangan tenoen saka Britsch-Indie (ing tanah Hindoe) sarana dilironi mritja saka Palembang kang nalika ikeo isih dimonopolie (nggagahi oetawa ditjèkel dhéwé) déning bangsa Melajoe ing tanah Palembang sarta Atjeh. Djalaran saka oeroep-oeroepan ikeo babathèn kang dadi kaontoengané bangsa Walanda ora sathithik, nganti saiki isih ana oenèn-oenèn „peperdur”, tegesé „larangé kaja mritja”, sarta temboeng „wingewesten”, (nagara kanggo papan golèk kaontoengan). Ikeo wis tjoekop kanggo tandha boekti, jèn babathèn kang dadi kaontoengané bangsa Walanda maoe akèh banget. Jèn diterangaké, manawa sadironing djaman mlèsèr iki kaontoengané saka

tanah Indonesia sataoené ana 300 oetawa 400 joeta roepijah, bangsa Walanda ngarani tanah kita iki „wingewesten”, ikeo wis bener banget.

Wiwit djaman O. I. C. sarta mbandjoer metoe Ned. Handels my (Factorij) kang diadegaké déning Koning Willem I sarta kang poengkasane metoe bank lan kongsi dagang roepa-roepa, ikeo kabèh dedagangané asipat monopolie.

Ing ndhoewoer ikeo kang dikarepaké doedoe sipating monopolie kajadéné monopolie kinine (sanadjan kinine monopoliehandelé Semarangsche Administratie Maatschappij oega bisa ndjoepoek kaontoengan kang gedhé saka pasar donja), ananging dhasaring dagangan export (ngetokaké dagangan marang mantja) kang wis asipat monopolie, kang disebabaké saka moerahé, djalaran saka moerahing opahan (moerah baoe) ing tanah kta.

Ananging apa sababé kok dadi dagangan Indonesia doeroeng ana tegesé toemrap bangsa kita. Ikeo tetep anggoemoenaké. Lan apa sababé wong milionèr Amerika sidji, kasoegihané ngoengkoeli bangsa Indonesia kang tjajahé 60 joeta loewih? Tanah Indonesia sawidjining nagara kang ngoengkoeli djembaré tinimbang tanah Djerman, kang sadoewoengé perang donja 1914-1918 kasoegihaping rakjat ana 200.000 joeta roepijah.

Pitakonan kaja ing ndhoewoer ikeo padha karo pitakonan: Indonesia anggonné ana ing djaman oeroep-oeroepan ikeo wis pirang taoen soewéné? Toewan Welter, ahli ékonomi ing Nederland taoe



Luchtbeschermingsdienst ing Betawi golèk sesamboengan lan partai kang gedhé, jaiké: Parindra, kang wis rila ngenakaké patemon. Katon saka kiwa: toean Van Hinte, wakil directie L.B.D.; sdr. R. M. Darjanto, sdr. Mr. Adiwirata, sdr. M. Tejib, kabèh wakil Parindra. Kang sesorah: sdr. R. Soerjedipoetno, Ressort Commissaris S. W. (foto Mendoer).

ngandikakaké: obah-obahan ing nagara kita iki kang gedhé dhéwé prakara dagang. Bab iki ora bakal kita remboeg kalajan dawa, moendhak njimpang saka pokoké. Kalajan tjekak kena diterangaké, jèn para kaoem dagang bangsa Indonesia sanadjan kalajan alon-alon saiki wis kena diarani wiwit madjoe. Ing ngendi-endi thoekoel pawitan tjilik-tjilik kang kaontoengané kena diarani loe majan.

Ananging éman, déné bab iki tekan sapréne doeroeng diaoter, sabab ing kalangané bangsa Indonesia isih kekoerangan organisasi kang betjik tatanané. Ija djalaran kahanan kang kaja mangkono ikeo moelané Pamréntah, apa manèh Departement van Economische Zaken, kapeksa tjampoer tangan ing atasé oeroesan prakara ikeo toemrap wong boemi. Nanging toemrap bangsa Tioghoa lan bangsa Eropah, prakara ikeo wis ora perloe, djalaran wis padha kadoega ngremboeg dhéwé. Akoe kélingan oepamané kang gegajoetan kalajan bab ikeo marang Ordonnantie kang saiki wis kaadjokaké ing Volksraad prakara 4 export-centrales toemrap bangsa lenga, kang ing basa Walanda diseboet achterische olie, katéla, damar lan krosok.

Pasaring dedagangané wong boemi toelèn iki wis njoemelangi déning sabab roepa-roepa, nganti Economische Zaken roemangsa perloe ngenakaké organisasi kanggo andjaga kapentingan oemoem kaja kapokcentrale kanggo kaperloewané barang warna papat kaseboet ing ndhoewoer.

Economische Zaken panemoené bab iki koedoe diwiwiti saka exporteur dhisik: nanging moeng marang exporteur kang dienengé woes katjathet kena ngetokaké barang-barang kang kaseboet ing ndhoewoer. Ing kéné wong bandjoer bisa mangerti, jèn dagangan kang asipat monopolie maoe kaontoengané oega mili me-

ning nagara mantja.

Déné prakara kang koelak sarta ménèhi oetang. (pemberian credit MI.) oega koedoe dioeroes.

Kang digatèkaké banget ikeo bab sesamboengané kang padha koelak karo kang ngetokaké kasil (producenten). Bab sing perloe-perloe, kajata bab ala betjiké, ngedjoem-edjoem (analyse), naser, propaganda, mèloe ngleboni setélingan (tentoonstelling), tjarané nata wara-wara lan lija-lijané, oega digatèkaké déning Economische Zaken.

Ananging ordonnantie maoe babar pisan ora ana kang anggepok prakara dagangané wong boemi. Sarta éman banget déné saka kalangané para soedagar bangsa kita ora ana oesoel barang-barang. Dadi ing tembé manawa ordonnantie ikeo katampa sarta katindakaké, Pamréntah ora wadajib ditoetoeh.

Saka panemoe kita, poetoesa-ning Pamréntah kang mangkono ikeo ora kena bandjoer ditampa baé. Para soedagar bangsa kita koedoe ambijantoe soepaja idham-idhamané Economische Zaken bisa kaleksanan.


Wektoe iki sawidjining wektoe kang betjik banget kanggo nglahiraké kang dadi pangareparepé para soedagar bangsa kita, kajata: njoewoen sabisa-bisa dilebokaké marang golongan exporteur toemrap barang-barang kaseboet ing ndhoewoer. Bab ikeo mesthi baé dikanthèni wewaton - wewaton kang patoet, kang ora ngemoengaké ngremboeg kahanané para soedagar bangsa kita ing wektoe saiki, nanging nganti tekan ing mbesoek manawa para soedagar bangsa kita wis ndoewèni organisasi kang sampoerna.

Saka panemoekoe, ing ordonnantie maoe koedoe didèkèki sèrep (kalanggaran), soepaia para kang ngetokaké kasil (producent) kang bisa netepi kewadjabané, betjiking barang mitoeroet apa

## HEBURINSAN.

(OBAT DEMAM PANAS DINGIN)

Orang yang dapat penjakit Demam panas-dingin moelainya memang tidak merasa begitoe pajah meski begitoe djikalau tidak minoem Obat lantas bisa timboel roepa-roepa penjakit dari masoek angin.



Bila orang soedah dapat sakit demam panas dingin mes: lekas makan ini Obat (HE BURINSAN) yang bisa leka menolong betoel penjakit lan taran dari masoek angin se perti sakit demam panas dingin dan kepala poesing sa kit pinggang toelang-toelang berasa linoe (pegal) MALA RIA. Haos atau batoek dar pilek entjok wahing.

CHINEESCHE BUITEN WEG No. 7/9 (hoek Bongkaran)  
Harga per boengkoes, isinja boeat 3 hari f 0,40.

Kalau toean-toean dan njonjah-njonjah hendak pesan, soepaja kirim oeng dengan wissel lebih dahoeloe, kita kirim zonder pakai ongkos (vrij).

Lebih djaoeh kita djoel djoega segala matjam obat-obat keloearan Japan.

Datanglah, dan saksikanlah sendiri:

# Yokohama Shokai

CHINEESCHE BUITEN WEG No. 7/9 (hoek Bongkaran)  
SOERABAJA — TELEF. NOORD 21919.

kang wis ditetepaké, bisa diparengaké dadi exporteur; oepamané baé sarana „producents en verkoopordonnantie” (pranatan toemrap kang ngetokaké lan kang ngedol kasil) kang oega katan-doekaké marang bangsa kita. Prakara - prakara kang penting kang magepokan karo prakara dagang bangsa kita arep dak tjontoni sawatara baé; maksoedé soepaja sarana tjara anjar iki bisa nganakaké organisatie kang santosa, nganti sanadjan sarana alon<sup>2</sup> nanging mesthi, bangsa kita saja madjoe lan saja moendhak kawroeh lan pangalamané kanggo loemakoe ing dalan kang roempil banget toemrap para soedagar bangsa kita sarta kanggo anggoegah semangaté pakoempoelan kita lan warga-wargané.

Bab iki kita keedoe éling, jèn ing ngalam donja iki wong ora ana sing bisa katekan idham-idhamané jèn ora sarana pertjajapinertjaja. Dagangan donja saiki wis njoemelangi banget, wong sidji marang sidjiné wis ilang kapertjjané, nganti ing kalangan dagang saiki tansah toewoeh karwèlan. Dagang kang saras koedoe ana kapertjajan toemrap kang adol lan kang toekoe. Dol - tinokoe — transacties — tjilik-tjilik bisa toemindak sarana kentjèng, nanging toemrap dagang gedhé koedoe sarana credit kang adhedhasar kapertjajan.

Djalaran saka ikoe manawa kita kepéngin soepaja pakoempoelan kita bisa katekan kang dadi gegajoehané, kita koedoe doewé dhasar kapertjajan. Kanggo kawitan bab iki mesthi baé sarasa koerban bandha lan wektoe.

Jèn paribasan „wektoe ikoe dhoewit” bisa toemindak ing nagara kita, organisatie dagang ing nagara kita kirakoe ora ana kang ora lestari.

Ananging kalajan sedhik kita

koedoe ngakoni, djalaran saking akèhing wektoe kang diboewang lan saking kekoerangané bandha, organisatie maoe ora bisa toemindak kang salaras karo djamané. Kanggo wiwitan prajoga banget manawa para soedagar bangsa kita gelem ndjalok sesoeloh marang para wong kang ahli, oepama prakara exportcentrale, ikoe jèn ana sabab-sabab kang maton, perloe banget dioesoelaké marang Pamréntah.

Maksoedé andharan iki moeng awèh sesoeloh bab kèthèrè ka-oem dagang bangsa kita. Prakara kahanan kang djero-djero ora perloe karemboeg saiki (Kawoe-la).

(T a m m a t).



**SPORT LAN SPEL**

**MANOENGGALAKE KE-KOEWATAN BADAN Lan batinné rakjat.**

**II.**

**TOEMRAPÉ** bangsa kita Indonesia, nggonné padha merlokaké sinaoe oelah raga, ditoedjokaké marang panggoelawenthah ndandani boedi pekertiné botjah lan bangsa. Oepamané: oelah raga kanggo botjah-botjah kang sinelanan lelagon, kajata: djamoeran, ilir-ilir, loeroe-loeroe widara, katé-katé dipanah, lepetan, lan sapanoenggalané. Dolanan kaja mengkéné iki wiwit djaman koena wis ana, perloe kanggo ndhedher watak roekoen lan nibangoen beboedèn loehoer, kanggo botjah-botjah. Emané do-

*Peroentoeng sebab badan sehat!*

**PILIH LAH DJAMOE „TJAP AJAM” JANG SOEDAH TERKENAL 21 TAOEN LEBIH. MANDJOERNJA LOEAR BIASA, HARGA POEN SANGET RINGAN.**



**DJAMOE-INDUSTRIE POATJONG KWAN WONGIRI — JAWA SEDIA PRIJSCOURANT COMPLEET.**

Bisa dapat pada :

BATAVIA-C. : Kramat No. 50; BANDOENG : Tjibadakweg 74 C.; SEMARANG : Karangtoeri 150 C.; KAOEMAN No. 21; SOLO : Singosarèn No. 134. Pasar Legi (Teko Templek); SOERABAJA : Songjoedjan 118.

lanan mengkéné iki mèh kesilep kependhem, merga saka kedhesek obahing djaman, kedhesek dolanan oelah raga modhèl koelonan. Soekoer baé oelah raga kanggo botjah maoe waktoe saiki bisa oerip manèh, loewih-loewih ana ing Volksscholen, sabagéjan gedhé merga saka andjoeran lan kawitjaksanané padoeka toewan Ch. van der Plas, Goepernöer Djawa Wétan, kang tansah migatèkaké marang dolanan koena kang wis mèh kesilep ing kalangané bangsa kita. Moela wis sapantesé kita koedoe ngatoeraké goenging panoewoen kita marang pandjenengané, déné tansah kersa ngoerip-oerip dolanan botjah toemrap bangsa Djawa lan Madoera kang mèh kependhem.

Kadjaba saka ikoe, bangsa kita Indonesia djaman koena seneng oelah kapradjoeritan, oelah kridhaning perang, oelah gegaman. Djamané Sang Praboe Djajakartwang, Naréndra ing Doha, saben taoen ing aloen<sup>2</sup> dianakaké tandhingan oelah raga warna-warna: panahan, oelah gegaman, geloet, wasis-wasisan noenggang djaran lan sapanoenggalané.

Mangkono oega djamané Praboe Hajam Woeroek, Nata Binathara ing kradjan Madjapait, wis kagoengan papan Olympiade, doemoenoeng ana ing saloré koetha Madjapait, aran Boebat. Ing kono papan kanggo tandhingan oelah raga kang gedhé, ngadoe tjoekat trengginas, trampiling oelah gegaman, oelah kapradjoeritan lan lija-lijané. Déné sing sapa menang, bandjoer nampa gandiaran warna-warna saka Sang Praboe.

Lan manèh nitik djaman tengahan, djaman kraton Kartasoera lan Soerakarta, mangkono oega djaman Padjang, djaman Demak, oelah raga dadi kawiga-

téné bangsa kita, lan wis dimangertèni moenggoehing pigoenané oelah raga.

Dadi satemené bangsa kita wis doewé oelah raga oetawa sport dhéwé, lan wis ngerti paédahé. Déné ing djaman saikiné, bangsa kita ija ngarepi marang anané oelah raga modhèl koelonan, kajata: voetbal, tennis, badminton, worstelen, boksen, atletiek lan sapanoenggalané. Toemrap trampil tjoekat trengginasé bangsa kita ing bab oelah raga modhèl koelonan, wis ora ngoetjiwani, ora kalah karo bangsa lijané. Pratandha menawa bangsa kita Indonesia „ora oenjik” ing babagan sport, ora ngoetjiwani, ora loempoe bajoené.

Perloe oega diandharaké jèn dhèk taoen 1915, para moedha kita wis padha manoenggalaké dhiriné ana ing pakoempoelan Tri Kara Darma kang dipimp’in déning Dr. Satiman, kang nalika semono oega wis diinsapaké gedhéning paédahé oelah raga. Lan manoe azas toedjoewané, kedjabané nggoelawenthah batin-batiné para pemoedha, oega mbedidaja madjokaké oelah raga, moerih bagas kawarasan awaké. Mangkono oega para pemoedha kita ing Pasoendhan, Soematra lan lija-lijané, ora nglatèkaké marang woelangan sport.

Manoenggalé koempoelan para moedha ana ing Indonesia Moeda, pamardi oelah raga tetep dadi salah sawidjining sarat kang permati toemrap bagas kawarasaning badan. Mangkono oega timboelé kemandhoewan, kajadéné K. B. I., H. W., Ansoer lan lija-lijané, ora lija kedjaba nenentoen marang oelah kaoetaman, oega tansah nengenaké sport.

Organisatie - organisatie, kaja déné: Surya Wirawan, Lasjkar P. A. I., Pemoedha Gerindo, B.

**NIJVERHEIDS- EN HANDELSSCHOOL (N. H. S.)**

(Sekolah Keradjinan dan Dagang), Kitabang kali 21 Soerabaja. MOELAI DIBOEKA PADA 1 SEPTEMBER 1939.

**I. Maksoednja :**

Mendidik anak-anak mendjadi soedagar teroetama jang dapat membocat barang-barang keperluan hidoep sehari-hari dan dapat mendjoel sendiri barang-barang boeatannja itoe.

**II. Pengadjarannja :**

1. Ilmoe dagang (theorie/practijk). 2. Boekhouden- economie, berhitoeng. 3. Correspondentie - bahasa: Indonesia, Belanda, Inggris, Typen. 4. Ilmoe boemi, geschiedenis sport/spel. 5. Njverheid (keradjinan): Membocat obat-obat, minoeman, makanan d.l.l. organisatie (bedrijfleiding), reclame-teekenen, hygiene dan lain - lain jang berhoeboengan dengan pengetahoegan dagang.

**III. Lamanja pengadjaran: Dooe taoen.**

**IV. Jang dapat diterima masoek mendjadi moerid:**

Anak-anak laki - laki dan perempuan jang: Tamat dari Vervolgschool, Schakel, H. I. S., teroetama anak-anak dari sekolah partikelir jang deradjatnja pegadjaran sepadan.

**V. Wang sekolah :**

Entree f 2.50, wang sekolah seboelan f 2.50 (vooruitbetaling).

**VI. Djoega mengadakan Cursus malam dan cursus schriftelijk.**

Pengoeroe N. H. S.

adres : KETABANGKALI 21 SOERABAJA.

WAKTOE ITOE BERHARGA, SOEPAJA TIDAK MENESAL MASOEK LAH DI N. H. S. SEKARANG!!!

A. P. A., Ikatan Sport Indonesia (I. S. I.) lan sapanoenggalané, oega ora amoeng merlokaké bagas koewarasané badan, ananging oega wis nglakoni dha-wohé Dr. Brugmans kaseboet ing ngarep, jaikoe: ing organisatie pemoedha maoe oega digoelawenthah rasa persatoewan, kasetyan, tékad kang santosa, kekarepan kang kentieng, kaoetaman, kaloehoeran, lan lija-lijané. Oega diwoelang koerban, tanpa mamrihaké dhiri pribadi, ngabdi marang kebangsan lan kamanoengsan, moerih ing tembé mboeri dadija manoesa oejama kang tansah nengenaké kaoetaman ing bebranja agoeng.

Dadi njata banget, menawa andjoeran sport ora moeng kanggo bagas kwarasaning badan, oega gegajoetan karo social lan moreel, ka'a andharané toewan Dr. Brugmans kaseboet ing ngarep, wis dipraktijkaké sadoroeng-doeroengé déning bangsa kita Indonesia.

Sarana timbèlé Commissie voor de Lichamelijke Opvoeding kang moega-moega semangat oelah raga tansah roemasoek roemesep ing baloeng soengsoemé bangsa kita, djalaran oelah raga ora ngemoengaké gawé bagas kawarasané badan, oega nenoentoen mbangoen wewatekan kang loehoer lan oetama.

(T a m a t).

DARMOWIJONO.


TIDAK TJOTJOKKĀH??

BAWALAH HORLOGE  
TOEAN PADA:

( )

M. A. R. S.  
HORLOGEMAKER

Boeboetanstraat 8 • moeka  
Kranggan Bioscoop - Soerabaja.



### DEVIEZEN-VERORDENING.

Gegebengan lan sedyané.

GANDHÈNG lan anané Deviezenverordening kang ditetapaké kanthi besluit Gouvernement tg. 4 Juli 1940 no. 2 (Staatsblad no. 291), dienst sesoeloeh saka Pamréntah mènèhi katrangan kaja kang kaseboet ing ngisor iki: Kedjaba Amerika Sarikat (U. S. A.), sakabèhé negara ing bcewana iki, padha nganakaké pranatan kang didjenengaké: „deviezenregeling“ (pranatan deviezen).

Rèhné pranatan deviezen ing tanah Indonesia lagi nembé iki baé anané, toemrapé oemoem mbokmenawa ana pigoenané disoemoeroepi; marga saka ikoe ing kéné perloe diandharaké apa toedjoewané lan kaprijé toemindaké deviezen ing tanah Indonesia.

Pranatan deviezen ikoe apa?

Sipaté pranatan deviezen, jaikoe: oewong ora kena sekarepkarepé manèh marang barang-barang kang migoenani, sarana dalan kang keprijé baé roepané (nadjana sarana dalan teroesan oetawa sawisé dol tinoekoe) marang negara mantja, kang barang-barangé macé dipigoenakaké kanggo piranti koelak oetawa tetoekoe, oepamané: emas, dhoe-wit mantja, cheque, wissel mantja negara, effecten kang bisa dibajar ing negara lija, rekening-courant — saldi lan deposito ing ndjaban rangkah, „roerende en

onroerende goederen“ (barang-barang sing bisa lan ora bisa dipindhah) ing negara lija lan sapanoenggalané.

Wetoené pranatan ikoe mènèhi pangwasa marang Pamréntah kanggo nindakaké sakabèhé controle bab prakara barang darbè sing kaseboet ing ndhoewoer. Sateroesé Pamréntah wenang nindakaké apa-apa, kanggo nje-gah (ngendheq) barang-barang kang migoenani tanpa ndjaloké idin dhisik, jaikoe: nje-gah barang-barang kang arep digawa menjang lija negara. Oepamané: Pamréntah bisa n'egah export barang-barang, samangsa pembajaran kelawan dhoe-wit mantja negara ora bisa ditamtokaké.

Wekasan Pamréntah oega bisa ndjaloké marang rakjat, soepaja masrahaké barang-barang ndjaban negara kang migoenani kang diboctoehaké lan noekoe barang ikoe nganggo dhoe-wit Indonesia. Pangwasa kang poeng kasan iki moeng bakal ditindakaké, jèn kahanan kang mengkoné ikoe pantjèn perloe banget. Ing Indonesia kéné saiki moeng lagi didjaloké soepaja masrahaké emas, dollar, lan pondsterling kang ana; déné emas kang dadi darbèké rakjat Indonesiers dilopoetaké saka pranatan maoe. Barang darbè sing aroepa barang-barang kang paédah, oepamané: effecten, hypothecken lan lija-lijané, sateroesé bakal dicontrole kanthi titi.

Pranatan deviezen ikoe toemrapé rakjat mènèhi koewadjiban noedoehaké barang darbèké sarana dalan kang ditetapaké déning Pamréntah lan oega perloe dipasrahaké. Loewih melaré manèh, rakjat dilarang njimpen tanpa olèh idin, jaikoe barang-barang kang migoenani, kang toemoeli oetawa ora, bisa dipigoenakaké kanggo piranti pembajaran ing lijan negara.

Kanggo nje-gah bakal ditoetopé contract kang nggonné mbé-

### KATENTREMAN.

TENTREM ikoe rasaning ati kang oemoemé dadi pénginan, nanging arang kang bisa kasinoenggan.

Apa saka angèlé sranané kang dianggo anggajoe? Njoemang-gakaké!

Jèn ditindakaké zelfcorrectie, sakabèhing kahanan kang andjalari o r a tentrem ikoe asalé saka..... o r a rahajoe. Dadi: ngoedi katentremen ikoe sranané moeng sawidji, jaikoe r a h a j o e i n g b o e d i.

Sadironing tinitah apes, kang wadjibé koedoe ichtijar bebarengan: anggajoe kaloehoeran lan kamoeljan, apa ora aran anèh lan njroewètèh, jèn kita ngce-tjapaké bab karahajon lan katentremen?

Karahajon lan katentremen, ora ngribedi dadi dhedhasaring panndak, ingatasé Sri Kresna lan Ardjoena, sanadjan sadjroning.... Bratajoeda.

Ora maéloe moerka-angkara-ning para Koerawa ana ing pabaratan, panindaké Sri Kresna lan Ardjoena tansah ngèsthi karahajon lan katentremen, kang woesanané bisa olèh kamenangan kang sedjati.

Ing djamané Sri Rama, karahajon lan katentremen ikoe kang dilepasaké bebarengan karo kepusing „goewa-widjaja“, marang goeloené Rawana lan Soebali.

KALANA DJAJA.

— o —

rèsaké mbésoek ora bakal didini: penggawéné contract sarana oetawa kanggo kaperloewané wong ndjaban rangkah, moeng diidèni kanthi migatèkaké pranatan-pranatan kang ditetapaké.

Pranatan deviezen netepaké: ing achiré Pamréntah kang moetoes, keprijé barang-barang mantja negara kang migoenani iki koedoe dipigoenakaké lan nganti sepira kikisé wong kena nganggo.

Apa karepé pranatan deviezen ikoe?

Karepé pranatan deviezen, jaikoe soepaja ing bank-bank bisa tansah tinemoe tinoekoe piranti-piranti pembajaran ndjaban rangkah (buitenlandsche betaalmiddelen), kanggo netepi koewadjiban toemrap mantja negara, oepamané: pembajaran import.

Ing waktue kang loemrah, (normal) kahanan kang mengkoné ikoe ditata kanthi otomatis, merga exporteurs adol dollars, penden lan valuta lijané kang tinemoe saka pangedolé barang-barang ing negara lija. Wekasan bank-bank mbandjoer ngadol valuta mantja negara ikoe marang importeurs kang mboetoehaké, kanggo mbajar import saka negara lija.

Ing sadjroné waktue kang ora normal kaia saiki iki, kanjatan mbandjoer ana kekarepan arep njimpen emas dhéwé lan piranti-piranti pembajaran lijan negara, kang keloemrahané mbandjoer



Sapérangan saka wargané barisan moedha kebangsan Parindra ing Mataram nalikané bar niti oeripé kantja tani ing padésan, teras Darmawisata menjang Boroboedoe (foto: Moedradjad).

didol marang bank-bank.

Bisa dimangertèni, menawa kahanan kang mengko ike ora bisa dienengaké baé: djalaran samangsa mangkono, pasadhijan bandha mantja negara ing bank<sup>2</sup> wekasan bakal entèk, nganti pembajaran import bakal ora bisa ditindakaké, wekasané import bakal mandheg.

Pranatan deviezen ndoewèni maksoed: njegah marang anané bebaja kang mengkono ike, sarana dianakaké koewadhiban noedohaké barang-barang mantja negara kang mawa adji saka wong-wong partikelir lan onderneming - onderneming, padha dicontrolé déning Pamréntah; déné Pamréntah mbandjoer nganakaké „verordening” (dadi sarana dalan madjibaké oewong-oewong kang ndoewèni barang-barang ike, soepaja didol), bisa mranata soepaja ing bank-bank tansah ana pasadhijan piranti-piranti koelakan mantja negara kang tjoekoop, perloené bisoa tansah netepi oetawa ngleksanani koewadhiban koewadhiban toemrap mantja negara.

Barang<sup>2</sup> mantja negara kang ana adjiné, didjaloek Pamréntah soepaja dipasrahaké, ditoeke sarana dhoewit negara déning „Deviezenfonds” kang dianakaké kanggo maksoed ike. Pengoeroes fonds iki dipasrahaké marang Javasche Bank, kang

mbandjoer ngedol valuta mantja negara marang bank-bank kang mboetohaké, kanggo mbarjar invoer lan lija-lijané. Sarana anané „Deviezenfonds”, Pamréntah ndjaga soepaja valuta mantja negara ora disimpen ing kéné oetawa ing kana, ananging teroes moebang-moebeng kaja kelemrahané.

Sateroesé déning Pamréntah dianakaké Ned. Indisch „Deviezeninstituut” kang diwènèhi pagawéjan: mranata lan nindakaké controle sakéhing sesamboengan<sup>2</sup> pembajaran karo mantja negara. Marga saka ike, instituut iki netepaké garis-garis toedjoewan mitoeroet garis-garis gegandhengan pembajaran kang koedoe ditindakaké; lan loewih ombèr manèh, netepaké transacties (pradjandjijan dagang) financiel karo mantja negara kang diidèni lan kang ora diidèni.

Instituut maoe oega koedoe nindakaké controle toemrap pasrahan barang-barang mantja negara kang ana adjiné sarta panganggoné valuta kanggo pembajaran marang mantja negara.

Soepaja pagawéjan - pagawéjan kang djembar iki tanpa olèh alangan oetawa reribed, kang perloené nggandhèngaké pembajaran lan dagang, pramoela bebadan papréntahan, mengkono oega bank-bank partikelir wis dianakaké gegandhengan

kang ombèr karo bebadan anjar iki.

Oepamané baé: bank-bank diwènèhi pangwasa kanggo mbèrèsaké transacties mitoeroet garis-garis kang ditetepaké déning Deviezen instituut, oega kena sawatara nindakaké transacties kang ora mitoeroet garis-garis, kang kaseboet ing ndhoewoer, samangsa ana alasan-alasan saka bank-bank kang diadjokaké marang instituut.

Manawa ana oewong kang kepéngin takon, betjik ngadjokaké pitakonné ike marang banké, adja teroes diadjokaké marang Deviezenstituut.

Toemrapé wong-wong partikelir, exporteurs lan importeurs, kang kepéngin soemoeroep pranatan-pranatan kang tjoekoop lan djangkep, bisa toekoe ing bank-bank kelawan rega kang ora sepiroa.

— o —

**M. B. HADIATMODJO**  
Toko Obat & Boekoe.

Patjarkembang 141, — Soerabaja.  
Telf. Z. 3455.

— o —

Bahasa Djawa hoeroef Latijn:

- Gegaran émah-émah ... .. f 0,15
- Kasoenjatan II ... .. „ 1,00
- Kridha Soengkawa ... .. „ 0,65
- Majangkara ... .. „ 0,60
- Modern Ekonomie ... .. „ 0,75
- Pradongga Sarie (Noot Gendhing) ... .. „ 1,00
- Pah Poeh ... .. „ 0,70
- Pandom Proewita ... .. „ 0,65
- Pauanggoehing Doewoeng .. „ 0,60
- Primbon Oesada ... .. „ 0,30
- Recept Djampi Djawi ... .. „ 1,00
- Soenan Giri ... .. „ 0,75
- Sedjatining Roekoen Islam .. „ 0,35
- Sedia goena gratis tinggal 78 maandkalender. Barang siapa jang pesan boekoe-boekoe satoe kali lebih dari f 3,— kepada kami, akan terima 1 maandkalender dengan gratis. Pesanlah dengan postwissel, dan kalau minta dikirim tambah 15% goena ongkos.



**PADHA OEMOEKÉ.**

Siman: Généja, Min: langité dina iki kok katon biroe?

Simin: Ija baé, wong dhék wingi dietjèt simbah.

Siman: Lajak ta bapak wingi gawé andha mèh soendhoel langit.

Simin: Kanggo apa?

Siman: Djaréné ja kanggo njedhijani antjik-antjik embahmoé.....

**ING DHAJOHAN.**

Karta: Généja, Wa, iwaké ora kok enggo lawoeh?

Léwa: Wektoe iki akoe dilarangi mangan iwak dokter.

Karta: Koewi doedoe iwak dokter, nanging ..... iwak kebo!


**JEN MENANG LOTRE.**

mBokné: nèk akoe menang lotré, mesthi tak toekokaké.....

Soek kapan ta pakné, olèhmoe toekoe lotré?

Ja ngentèni ..... nèk wis menang!

**DOEROENG NGERTI?**



— „Tanganke saja lara, boené.”  
— „La généja kowé kok ora noelis lajang, nèk kowé wis nemen ngéné!”



Lekaslah minoem sekarang djoega „IBOE” CAPSULES dijika toean terserang oleh penjakit di soeloeran kentjing jang heibat dan berbahaja, di sebabken lantaran penjakit kotor.

Pertoeloengannja obat ini terboekti dalam sedikit waktoe sadja, dan djoega soeda terpoedji oleh beriboe-riboe orang jang soeda perna memakainja.

Kalo mengirimken kembali ini advertentie dengan disertain franco seharga fr.20, toean aken trima sampe diroema i tube isi 36 stuks. Pengiriman tjoe ma dilakoe kan oleh DJAMOE „IBOE” afd. Reclame di Ngaglik 3, Soerabaja. Adres minta ditoeelis jang terang.

- BATA V.A.C BANDOENG
- DJOCJA
- MAGELANG
- MODJOKERTO
- SEMARANG
- SOERABAJA
- SOERABAJA
- SOERABAJA SOLO
- Pasar Selen 119
- Kesambie 182 D
- Maliboro 35
- Grooteweg Z 145
- Koedoesan 7
- Kedjistr. 54
- Ambengan 104
- Kranggan W. 128
- Kleine Kebalen 18
- Ngaglik 3-5
- Palmenlaan Z. 2
- Singosaren 149

**DJAMOE INDUSTRIE „IBOE”**

**„DE JAVA VOLKSBANK”**

OPGERICHT IN JUNI 1938

**HOOFDKANTOOR: BANDOENG.**

Oentoeck memboeat ROEMAH atau membeli TANAH, atau SAWAH. Dengan simpanan tiap-tiap boelan:

- f 1.— oentoeck pindjaman f 500.—
- f 1.50 „ „ f 750.—
- f 2.— „ „ f 1000.—

d. s. t. sampai f 10.000.—

Angsoeran f 2.50 boeat tiap<sup>2</sup> f 500.— (tidak pakai RENTE)

Waktoe mendapat pindjaman selekas-lekasnja SATOE TAHOEN menoeroet djasa simpanan. Kalau tidak teroes oelang dikembalikan.

Trustee: N. V. Centrale Hulp, Spaar en Hipotheekbank. Sekalian oelang ditaroehkan hanja pada sawah, tanah dan roemah.

Soerat-soerat dan keterangan-keterangan: LANDRAADWEG 3 Ditjari AGENT-AGENT dengan peratoeran jang TENTOE MENJENANGKAN.



**SOERAT POEDJIAN.**

Saja jang bertanda tangna dibawah ini, P. ASNAR, bertempat tinggal di kampoeng Kemasan Grisee, menerangkan, bahwa sa-ta poenja penjakit bawasir (aambeien) telah diobati oleh Toean Fabib Abdulhamid Baliwert No. No. 29, Telf. 3383 Zuid Soerabaja. Dalam tempo 18 hari zonder potong telah semboeh sama sekali.

Dengan ini saja menjampai-kan banjak terima kasih dan memoe-djikan pada siapa jang mempoenjai penjakit terseboet soepaja datang berobat pada Tabib terseboet diatas.

Wassalam dari saja  
P. ASNAR,

Kita anak-anaknja djoega membi-  
lang banjak terima kasih.

H. Djakasi, H. Doelhadjis, H.  
Amattaridjan, H. Amnatnasimin,  
H. Sokran, H. Anang Tajib.

**LOTERIJ OEWANG**

1 Lot f 11.—, ½ lot f 5.50,  
¼ lot f 2.75, 1/10 lot f 1.10. Aan-  
geteekend f 0.30. Rembours tidak  
kirim.

**ADRONALIN**

(Obat kentjing batoe).

Tidak berbahaja atau beratjoen,  
zonder operatie, bisa bikin an-  
tjoer batoe dalam djalanan air  
kentjing, makan 2 fl. bisa baik  
itoe batoe hantjoer dan keloear  
berbareng diwaktoe kentjing. 1  
fl. f 3.—, besar f 5.75.

**SINAMON**

Soepaja bisa datang boelan, se-  
perti laat of keloearnya sedikit.  
Boenting djangan makan, tidak  
berbahaja f 1.75, extra koeat  
f 5.75.

Kirim oeang ongkos VRIJ.

Firma

DE INDISCHE KRUIDEN

G. Tengah 22 — Semarang.

**MIRAH TOER  
MAREMAKÉ!**

Noewoen, para prijantoen pama-  
osing P. S., manawi kersa njobi  
mbabaraken genes wanteg mara  
sindjang témbokan f 1.50, mara  
sindjang biron f 0.75, medelaken  
sindjang f 0.25, kersoa masrah-  
aken dhateng:

R. Ngt. **PRODJONIMPOENO  
BATIKHANDEL**

Kemlajan, lor toko mori ngisor  
sawo, Solo.

**NGANDELAKE SETIJAR.**

Kanjatan kang tjtjog karo  
kahanan.

**WEKTOE** iki ana perang. Ka-  
bèh wong mesthi ngarep-arep.  
kapan perang iki bisa rampoeng,  
keprijé tjara-  
né wong  
mranata  
ljagad, soe  
paja adja  
nganti ana  
perang.



Pitakon  
iki kena di-  
wangsoeli  
werna loro.

S e p i s a n. wong bisa ga-  
wé djagad tentrem, ora ana pe-  
rang, lan wangsoelan k a p i n d h o n é :  
perang ora bisa di-  
toelak. Bisané moeng disirep se-  
dhéla, kapan-kapan mesthi toe-  
woeh manèh.

Ngalam donja iki ora sepi sa-  
ka paoegeran: strijd om het be-  
staan, kang basa Indonesiané:  
berdjoeang oentoek hidoep.

Jèn manoet theoriené Darwin,  
strijd ikoe ana goenané, jaikoe  
nambahi pengertijan, nambahi  
ontwikkeling.

Sakabèhing kang oerip mesthi  
nglakoni strijd, djaré.

Baji lahir, nangis tjengèr-tje-  
ngèr kaé marga olèhé perangan

lan adhem. Jèn dhèwèké menang  
enggonné perangan karo adhem.  
ija teroes oerip; déné jèn ora koe-  
wat, ija mati. Manoeek ing awang-  
awang kaé jèn ditamataké ija  
tansah ana perdjoangan teroes.  
Manoeek tjilik-tjilik, padha ngati-  
ati soepaja ora kena dipangan  
alap-alap. Oeler ija rékadaja soe-  
paja adja nganti ditjoetjoeek ma-  
noek. Wit-witan kang thoekoelé  
sek-sekan ikoe, ija tansah nga-  
nakaké strijd kanggo reboetan  
pangan. Mengkono sateroesé.

Dadi, sidji-sidjiné djinis ikoe  
ndoewé kaboetoechan dhéwé-dhé-  
wé. Kanggo neroesaké oeripé,  
oetawa kanggo golèk oerip, si-  
dji-sidjiné koedoe nglakoni strijd,  
senadjan kelakonné ana kang ora  
sarana didiaraag.

Kabèh barang kang ana ing  
ngalam donja iki ora langgeng.  
Boemi iki saisiné, lintang-lintang,  
srengéngé, lan sapanoenggalané,  
mesthi bakal sirna, déné lawasé  
enggonné oerip (doemadi) ikoe  
ora padha toemrap sidji-sidjiné  
kahanan.

Mengkono oega masjarakat  
oetawa oerip bebrajan iki, kaha-  
nané béda-béda, djaman gonta-  
ganti.

Dadi jèn mengkono, sakabèh-  
ing doemadi iki, oetawa loewih  
tjetha, sakabèhing kang katon


iki, mesthi ngalami lelakon 3  
prakara, jaikoe:

1. Dilahiraké, oetawa doe-  
madi.
2. Doemadiné, moendhak-  
moendhaké ontwikkeling nalika  
oerip oetawa nalika isih doe-  
madi.
3. Mati oetawa sirna.

Kabèh kahanan ing donja ora  
bisa lepas saka wèt teloeng pra-  
kara maoe. Senadjan oerip be-  
brajan oega mengkono.

Saiki bab perang. Perang ikoe  
mesthi ana sing diarah. Jèn ing  
padhalangan, perang ikoe ra-  
tjaké marga reboetan poetri. Na-  
nging djaman saiki ora meng-  
kono. Djaman saiki reboetan pa-  
ngwasa, pametoe, reboetan pa-  
sar padagangan, reboetan pa-  
melikan areng watoe, pamelikan  
lenga tanah lan sapanoenggalané.  
Jèn moeng reboetan poetri waé,  
djaman saiki tjoekoep perang  
idjèn-idjènan, ora soesah nga-  
djokaké wadyabala.

Anané perang, marga sidji lan  
sidjiné ora bisa akoer, roemang-  
sa sing sidji loewih akèh tinim-  
bang lijané. Sidji-sidjiné, roe-  
mangsa awaké dhéwé sing be-  
ner, sing koedoe digoegoe, koe-  
doe dianoet. Sarèhning pangoe-  
ripan ikoe perloe kanggo kabèh



Para goeroe lan moeridé Neutrale School ing Maos nalika mèngeti adagé pamoclangan maoe wis  
15 taon (1925 — 1940) kanthi slamet. Akèh para moerid kang wis padha olèh dalan kang gam-  
pang kanggo angga-joeh apa kang dadi sedyané.

Kalau pembatja hendak berlang-  
ganan madjallah „Terang Boelan”  
soepaja beroeroesan langsoeng pa-  
da adres: Boeboetanstr. 140 Sb.  
agar tjepat dilajani.

wong, moela antarané sidji-sidjine golongan manoengsa bisa noewohaké perang, jèn padha ora tjtjogé.

Wektoe iki, woedjoeding perang kena diarani lagi ngantjik perang reboetan pangan, reboetan economie.

Jèn anggagas : peperangan ikoe tansah pidjer ana waé, kita rak ora perloe setijar apa-apa.

Panemoe mengkéné iki klèroe banget. Jèn wong emoh setijar, ikoe tegesé pasrah, dhèwèké kena diarani nglanggar wèting alam dhéwé, jaikoe emoh nganakaké strijd. Jèn wong ora mangan ikoe ngelih, jèn ngelih bisa marakaké mati. Iki sawidjining logica.

Senadjan kita weroeh, jèn perang ikoe mesthi bakal anané, kita meksa koedoe setijar, koedoe ngiradati, soepaja perang ikoe adja nganti ngambra-ambra, gawé koerban pirang-pirang. Ora béda karo lelara. Senadjan kita weroeh, jèn lelara ikoe mesthi anané, nanging kita koedoe rékadaja soepaja lara ikoe ora nèmplek ing awak kita, ora noelar-noelar marang lija-lija enggon.

Pangréka daja kanggo noelak bebaja, iki oega kena diarani strijd, diarani perdjoangan. Lan strijd iki sing marakaké tambahing pangertijan.

Jèn ora ana lelara, mesthi ora ana kawroeh kadokteran, jèn ora ana omah kobong, mesthi ora ana tjarané wong njirep geni marga kobongan. Jèn ora ana bandjir, manoengsa mesthi ora ngerti gawé tanggoel, jèn ora ana adhem, wong mesthi ora thoe koel gagasané gawé selimoet sing kandel, gawé bedhijang.

Dadi sakabèhing barang ikoe ditemtokaké déning kosok baliné.

Wawasan sapala ikoe, perloené kanggo njoeda mirisé ati, loewih-loewih toemrapé kaoem wanita. Soewaliké, malah bisoa ngandelaké marang setijar, ngandelaké rasa katresnan marang keadilan, kajadéné patrapé kaoem wanita bangsa Eropah kang mleboe ing Covim, bangsa kita kang saiki sregep njinaoe E.H.B.O. sapitoeroeté.

S. K. TRIMURTY.

S e m a r a n g .

**DJEDJODHOWAN DJAMAN KOENA.**

Diwawas pijalané.

**SAREHNE** ing Taman Poetri kéné wis dak olak-alik doeroeng naté ngemot bab djedjodhowan salijané



sing ma-noet consultatie-bureau sarta polygamie lan monogamie, moela ing kéné ndjèrèng wawasan sapala moenggoeh toemindaké djedjodhowan ing kalangan kita. Sawisé ikoe, jèn ana sing kersa nambahi, mangsa borong.

Moenggoeh sing tak atoeraké dhisik, djedjodhowan dhèk bijèn. Ing kéné penoelis ora kok bakal nerangaké patrap-patrapé, ora. Jaikoe moeng tak djoepoek wosé kang perloe, kang oemoemé jèn katjoendhoekaké karo djaman saiki koerang laras, semono maoe perloe minangka kanggo tetimbangan. Para maos wis padha ngoeningani jèn patrapé ndjodhokaké poetra dhèk bijèn

ana koerang betjiké, jaikoe : loemrahé isih kenomen (doeroeng tjoekoep oemoer), kapindhoné dipaksa. Perloe dakterangaké ing kéné, jèn rong bab maoe ora betjik kedadéjané. Éwadéné djaman saiki para kaoem bapa lan iboe isih akèh kang nindakaké mengkonono, loewih-loewih ing padésan.

Déné alané jaikoe : a. Sarèhné isih kenomen, mesthi baé toeroenné ija bakal ora bisa betjik, tansah koedoe lelaranen, saoranané mesthi ringkih, semono oega bijoengé si baji maoe noeli dadi lembék. b. Botjah kang isih kenomen ikoe doeroeng ngerti tegesé djedjodhowan, loewih-loewih marang panjekelé balé omah sarta panggoelawenthahé poetra. Jèn sawidjining iboe ora ngerti marang bab-bab ikoe maoe kabèh, olèhé djedjodhowan ora bisa betjik, balé omahé mesthi bakal korat-karit. Akèh baé botjah wadon kang wis omah-omah isih seneng groebjoegan, dolanan kaja botjah tjilik, ora ngerti panjekelé omah, déné sing ngopèni omahé lan ngrigenaké blandjané, tjoekoep wong toewané wadon oetawa mara toewané kang perloe ngembani ing kono, malah terkadhang dipasrahaké babar pisan marang batoer. c. ndjodhokaké poetra kang sarana dipeksa ikoe moetawatiri banget. Awit bisa agawé tjilakané wong toewa dhéwé. Saking wèdiné jèn ta oraa nindakaké dha-wohé wong toéwa, ing mangka satemené ora bisa nglakoni, nganti diréwangi nindakaké kang doedoe samesthiné.

Katiwasan warna-warna kang dialami déning kaoem bapa lan iboe kang merga ndjodhokaké poetrané sarana peksan, jaikoe ana kang nganti nganjot toewoh, ana kang minggat sapanan - paran, begdja-begdjané moeng pegatan.

Jèn kita tjoendhoekaké karo djaman saiki, rong bab ing ndhoewoer maoe wis ora mathoek, wadjib kita ilangi, koedoe kita larasaké karo kahanané djaman. Loemrahé djedjodhowan ing djaman saiki ikoe : padha golèk djodho dhéwé. Jaikoe si kenja lan si djaka wis padha tepoengan ing sadoeroengé, lan jèn pantjèn wis padha dikarepaké, ing kono wong toewané botjah lanang noeli matengaké remboeg maoe menjang omahé botjah wadon. Penoelis ora mesthèkaké jèn kabèh mengkonono, ora. Moeng baé tak djoepoek oemoemé saiki baé. Awit sing nganggo tjara kaja bijèn isih ora koerang; oetawa tjara lijané manèh : jèn si djedjaka wis roemasa doewé sir-siran, noeli kadhara marang wong toewané akon ngremboegaké. Ing kono wong toewa padha toewa padha remboegan, jèn wis, botjah padha botjah noeli ditepoengaké. Mengkonono sateroesé goemantoeng marang tjarané dhéwé-dhéwé.

SRI SOEHARDINAH.

Ngandjoek.

**DHEDHAHARAN EDI.**

— o —

**Botercake.**

Mertéga 200 gr. oetawa 2 tj., endhog 10, goela 2 tj., glepoeng trigoe 2 tj., kismis lan kenari 1 tj., sucade ½ tj., bakpoeder 1 s. tèh. paroedan koelit djerok 1 s. dh.

Pangolahé : Endhog lan goela dioebleg nganti poetih. Mertéga dikeplok nganti mateng. Kabèh iki ditjamper, ditambahi bakpoeder, koelit djerok, krenten, kenari, lan sucade. Jèn wis diwènèhi glepoeng. Tjithakana ndjoer panen.

**Boterprits.**

Mertéga 1 s. dh. moendjoeng, goela pasir aloes 10 s. dh. moendjoeng, endhog ayam 2 digawé koeningé baé, panili 2 s. tjilik, glepoeng 6 á 7 s. dh., oejah, paroedan djerok nipis 1.

Pangolahé : Mertéga lan goela dioebleg nganti poetih, noeli diwènèhi koeningé endhog, oejah sethithik paroedan djerok lan panili. Jèn wis noeli ditambahi glepoeng dioedheg alon². ndjoer nengna dhisik sawatara djam ing papan kang adhem. Jèn wis ndjoer tjithakana ing spritsvorm noeli panen.

**Boteresjes.**

Endhog 6, mertéga 3½ ons, goela 3½ ons, glepoeng 6 ons, vanilli 1 s. tjilik. Pangolahé : Mertéga lan goela aloes dioebleg nganti oewat. Jèn wis oewat, endhog ayam dilebokna saka sidji, panili oega dilebokna, glepoengé noeli ditjamperna. Ditjithaki kaja koewih sprits ndjoer ditata ing lèngsèr. Jèn wis noeli dipan.

F. LELETJE van DALEM.

**DHAHARAN PRASADJA.**

— o —

**Randha kèli.**

Dhisiké gawé takir sawatara, jèn wis aloem didèkèki goela abang (Djawa) kang wis disisir sethithik-sethithik. Sing digawé glepoeng beras kira-kira 5 tjangkir ditjaroeb karo santen koerang loewih 15 tjangkir, noeli diboeboer (diolah) tjoewèr baé. Jèn wis mateng toemoeli diisèkaké ing takir maoe, mbandjoer dilangseng sedhéla, sadoeroengé dientas disori santen kanil kang wis digodhog nganggo glepoeng sethithik. Toemoeli dientas.

**Randha ngilo.**

Iki penggawéné padha karo olah lapis. Glepoeng beras, ditjaroeb karo santen kenthel, goela saleginé, djladréné tjoewèr baé. Panjithaké nganggo lojang, dilangseng (dikoekoes) digawé sapan. Lapisan kang ndhoewoer dhéwé nganggo abang oetawa idjo; nanging ikoe ditlesepi gedhang kapok kang diiris boender-boender ditlesepaké warata moebeng. Jèn wis mateng tanak énggal dientas.

R. Ngt. SOEKATI.

Wangoek.

**PEMBERIAN TAHOE !!!**



**PARISCA POMADE**

soedah tersiar dipasar, dimana segala toko-toko ada djoeal. Banjak pedagang sama iboek, sampai ada jang MENGADOE pada POLITIE !!

Apa sebab . . . . . ??? Ialah karena achli ketjantikan soedah menjatakan kwaliteitnja jang tinggi, haloes dan sedap baenja. Tidak berboesa dan tidak berminjak.

**RAMBOET** tambah lemes dan netjis.

Pakailah selamanja **POMADE PARISCA**. Periksa **MERK** jang **TOELEN**.

N.V. Import-Agentuur & Commissiehandel **SIO KONG** Slompretan 39-41. Soerabaja.

5 pot kosong boleh toekar 1 pot Pomade.



PADHALANGAN

LELAKONNE DJAKA SENGKALA.

Kang kaseboet aran Adji-saka.

I.

KATJARITA, ana pandjengnané ratoe djedjoeloe Praboe Sarkil, ing nagara Nadjran kaleboe wewengkonné tanah Toerki-Asia. Sang Praboe Sarkil mabe isih terahé K. N. Isma'il, karemanané lampah dagang.

Anoedjoe sawidjining dina, Sang Praboe tedhak menjang tanah Indhi ija Hindhoestan, nitih praoe lajar, mbekta dagangan warna-warna pamatoening nagarané, ora nganggo oepatjara kaprabon. Bareng tindaké Sang Praboe tekan ing tanah Indhoe, nemahi sangsara gedhé, djalaran praoe kang dititih katempoe ing angin mbandjoer kèrem; wadyabalané Sang Praboe toempes padha mati kabèh, dalah barang-barangé dagangan tanpa lari. Moeng Sang Praboe pijambak kang ora séda, nanging tansah goelagepan kaboentjang ing aloen.

Ing nalika ikoempoe Anggadjali pinoedjoe mañdhé jasa gegaman ana ing samodra Indhi, pirsana praoe kèrem, wongé sing noenggang padha toem-

pes, kang katon isih oerip goelagepan moeng sidji; empoe Anggadjali kamiwelasen, énggal tinoeloengan digawa menjang dharat; nanging Sang Praboe doeroeng éngget, sarta tansah loentah banjoe. Soewé-soewé éngget mbandjoer lenggah, bagnet pangoengoning galih saking déning gedhéning sangsara kang sinandhang, wis ora njana pisan-pisan jèn bisa willoedjeng, wasana bisa tekan ing dharat, kaadhep sawidjining wong nomoman pekik soewarnané.

Sang Praboe wis ndoega, jèn wong ikoek kang mitoeloengi ngentasaké saka babaja. Sang Praboe toemoeli angadhepaké empoe Anggadjali, sarta angandika: „Dhoeh enggér sosotyanying djagad, poen bapa-boten pisan anjana manggih gesang, kadjawi amoeng njipta pedjah. Ing mangké sèwoe begdja déné saged oewal saking bebaja ageng; ingkang makaten waoe, boten sanès saking gending roementahipoen sih kadammanipoen poetra koela; poen bapa roemaos boten saged males, awit saking anggèn koela kepotangan gesang. Milanipoen anggèr, poen bapa namoeng pasrah djiwangga, boten anggrantes samendhang. Moerih tjoememplonging manahipoen poen bapa, moegi anggèr karsa mrasadjakaken asma toewin kawidjilanipoen poetra koela“.

Empoe Anggadjali kaja rinoedjit panggalihé, ngroengoe pangandikané Sang Praboe, bandjoer mangsoeli: „Dhoeh rama, sampoen kekathahen pangandika ingkang adamel trenjoehing manah, menggah sagedipoen rama oewal saking bebaja, poenika demoenoeng kabegdjani poen ra-

TETAP BEROEPA EMAS, TAPI HARGANJA SANGAT MOERAH

Perhiasan lapis-emas 22 krt. (emas-oekon) terbikin menoeroet pendapatan modern dari Ingenieur Englisch. Lapisan-emas haloes dan radjin, koet anggoeng 10 taohen (pakai soerat-tanggoengan) dan barangnja model-model paling baroe (model 1940).

- Gelang-tangan oekiran berkembang ... per paar f 8.50
Gelang rantai dihiasi dengan rantai ketjil boeat medalion ... per stuk f 6.—
Gelang krontjong oekiran berkembang (2 matjam 6 stuk) ... per stel f 7.—
Madalion boeat gelang-gelang rantai atau kaloeng ... per stuk f 3.—
Rantai kaloeng model bidji timoen atau lain model ... per stuk f 3.—
Haarspeld roepa-roepa matjam Preanger ... per stuk f 4.—
Kebajak speld roepa-roepa matjam paling baroe (berikoet rantainja ... per stel f 4.50

- Rantai harlage model biasa ... per stuk f 5.—
Rantai harloge pakai stempel knop ... f 6.—
Djoega djoelal giwang markies bermata 14 bidji dari gosokan brilliant terikat emas dari 22 karaat harga satoe pasang ... f 15.—
Harga terseboet beloeom terhiitoeng ongkos kirim, kalau kirim oeang doeloe dapat ongkos kirim v r ij. Prijscourant bergambar dikirim gratis kalau diminta.

GOUDSMEDERIJ „S A F E T Y“ TOELOENGAGOENG.

ma pijambak, saking pitoeloenganipoen Hjang Djagadnata; koela namoeng sadarmi dados lantaran. Déné rama ndangoe nama sarta kawidjilan koela, koela poenika nama empoe Anggadjali, poetranipoen Bathara Ramajadi, wajahipoen Sanghjang Ramaprawa, boejoetipoen Sanghjang Ening, dados taksih santanani poen Sanghjang Djagadnata. Wangsoel rama saking nagari poendi, sinten ingkang sinambat ing wangi? Sang Praboe ija bandjoer malèhaké djoeloe kè sarta nagarané, sarta nggantjaraké moela boekané tindak saka pradja, ing wiwitan tekan wekasan.

Empoe Anggadjali bareng ngroengoe pangandikané sang Praboe. Sang Praboe rena bangoengoen ing panggali, bandjoer ngowahi patraping linggih tandha koeremat marang sang Praboe. Sang Praboe resep bagnet mriksani trapsila sarta pekiking warnané empoe Anggadjali, bandjoer angandika kanthi temboeng manis manoehara:

„Dhoeh anggèr, sanadyan poen bapa boten pisan badhé saged amales sih kadammanipoen poetra koela, éwa semanten saking adrenging poen bapa, boten kètang sadinten, poetra koela kaparenga tindjo iboe djengandika mbok ratoe ing nagari koela, badhé koela atoeri bodjana sakadari poen: saha poen bapa darbè anak èstri satoenggal taksih kenja, poenika koela srahaken, bagja sèwoe manawi ndadosaken panoedjoening galihipoen poetra koela“.

Enggaling tiritita, Empoe Anggadjali wis ndhèrèk menjang Nadjran; satekané ing nagara, bandjoer kadhaopaké lan poetriné Sang Praboe aran dèwi Sakka, atoet roentoet nggonné palakrama.

Ora antara lawas sang dèwi nggarbini, bareng olèh teloeng sasi, empoe Anggadjali pamit marang Sang Praboe bali menjang tanah Indhi, amarga lagi nglakoni ajahané Hjang Djagadnata, ingandikakaké jasa gegamaning perang dèwa; manawa nganti anglirwakna lawas, wedi manawa binendon; moelané ingam-

pah déning Sang Praboe meksa adreng, moeng atoer weweling: manawa djabang baji midjil djaloe kaparingan aran Djaka Sengkala, jèn wadon kasoemanggakaké sakaparengé. Empoe Anggadjali bandjoer mesat napak gegana, moelih mring tanah Indhi.

Bareng anggonné nggarbini sang poetri tekaning semaja (mangsa) doeroeng mbabar, bandjoer dioesadani moerih énggaling lair djabang baji, nanging nganti rong poeloech sasi meksa doeroeng mbabar; sakèhing oesada kang wis katamakaké, ora ana kang migoenani, ndadèkaké prihatosé sang Praboe. Bandjoer pasrah marang Kang Kawasa. Bareng tekan rong taoen, lagi mabar, midjil prija pekik warnané, mawa tjahja goemilang anarawang, sarta mawa tetengering kadhéwatan, mripat sarta lambéné abang; lairé djabang baji wis resik tanpa embing-embing (ari-ari) sarta getih, apa déné sang poetri ija bandjoer rentjang, ora mantra-mantra jèn mentas kagoengan poetra. Djabang baji ora gelem noesoe mring kang iboe, moeng noesoe daridji, bandjoer kaparingan aran déning kang éjang: Djaka Sengkala.

Bareng Djaka Sengkala wis bisa mlakoe, sok moemboel ngoengkoeli omah, mratèlakaké jèn trahing dèwa. Toemekané oemoer 8 taoen, kapasrahaké marang patjabakan déning kang éjang, bandjoer kawoeleng adji ing para pandhita, kalantipané ngèram-éramaké, sawarnané kitab wis poetoos, kapara moendjoeli goeroené. Bareng joeswa 25 taoen, amothah marang kang éjang, soepaja kadjatènana doenoenging soedarmanira. Kang éjang ija bandjoer mrasadjakaké aran, doenoeng sarta pagawéjané kang rama.

Djaka Sengkala toemoeli njoewoen pamit soemedya sowan marang kang rama, ingampah-ampah déning kang éjang sarta kang iboe, meksa adreng karsané, wekasan kang éjang ija marengaké. Djaka Sengkala noeli ngabekti marang marang kang éjang sarta kang iboe, noeli mangkat, mesat napak gegana menjang tanah In-

Advertisement for BATIK DJOKJA ALOESAN - KWALITEIT AMAT TINGGI. Includes images of batik patterns and text describing the quality and availability of the products.

dhi, kang tininggal padha prihatin.

Lakoéné Djaka Sengkala tekan sadhoewoeré tanah Indhi, miling-miling ngoelati ramanira. Ora soewé waspada ing pandoeloe, jèn ana manoengsa loenggoeh satengahing samodra, mandhé wesi jasa bradja, ora sarana piranti geni sappedadhané, moeng sarana abab sarta tangan baé. Djaka Sengkala nggraita: mesthi ikoe kang rama, énggal toemoeroen ing ngarsané. Empoe Anggadjali kagèt banget déné ana botjah bagoes ing warna teka saka gegana bisa linggih sadhoewoering banjoe, bandjoer tinanja aran pinanganané, sarta kang sinedya. Djaka Sengkala ija waléh ing lalakonné wiwitan tekan wekasana.

Empoe Anggadjali karenan ing galih, Djaka Sengkala énggal rinangkoel ingarasan sarta ngandika: „Dhoeh poetraningsoen, ingsoen boja njana jèn katemoe sira wis diwasa, loewih manéh wis doewé kaprawiran kaja ingsoen, bisa ngambah ing gegana loenggoeh ing banjoe. Wroehanira, kang aran Empoe Anggadjali ikoe ija ingsoen, kang ajoga mring sira.“

Djaka Sengkala ngroengoe pangandikané Empoe Anggadjali, bandjoer angabekti. Empoe Anggadjali ngandika manéh: „Koe-loep, réhné sira wis katemoe lan ingsoen, ing mengko prajoga bali marang Nadjran manéh, ndhè rék éjang iboenira angrasakakna wibawa ana ing pradja; jèn sira mèloe marang ingsoen, moendhak sangsara, awit ingsoen iki bangsa langip, lagi anglakoni ajahané Hjang Djagadnata ingandikakaké jasa gegaman“.

Djaka Sengkala amangsoeli: „Dhoeh rama, kawoela boten remen angrasaken wibawa wonten ing pradja, ingkang koela remeni anoet solah djantranipoen tijang sepoeh, sageda kasinoengan kaprawiran ingkang linangkoeng.“

Empoe Anggadjali mitoeroeti sedyané poetra. Djaka Sengkala tansah ngawasaké patrapé kang rama dènira amandhé wesi; sadjroning tjipta banget pangoenoené, angira jèn saloemahing boemi sakoerebing langit, ora ana kang mapaki goena kasantikané kang rama, temahan alon atoeré: „Dhoeh rama, salaminipoen kawoela toemitah, dèrèng naté manoni tijang ingkang gadhah goena kasantikan kados padoeka, bilih isèn-isèning djagad poenika boten wonten ingkang toemandhing kasantikanipoen rama, kawoela njoewoen poeroeita.“

Empoe Anggadjali mangsoeli pangandika: „Koe-loep, wroehanira, ingsoen iki lagi loemrah pepadhané déwa baé. Ana déné kang poendjoel ing djagad goena kasantikanira ikoe, Bathara Ramajadi kang oega nama Empoe Ramadi, manawa noedjoe jasa gegaman ana ing méga oetawa poetjaking arga. Saroepané wesi jèn pinandeng bandjoer loeloe kaja kena ing geni. Bathara Ramajadi ikoe wong atoewaningsoen, dadi kaprenah éjangira dhéwé.“

## KABAR KOELAWARGA KITA.

Kang kena matjak kabar koelawarga ing kéné, moeng mligi para abonné's kita waé. Pamatjaké tanpa bajar koedoe nerangaké nomering abonné kang kapasing ing adresband.

### LAHIR KANTHI SLAMET:

1. Sri Hartati, poetrané wara lan wira Hatmosardjono sedoeloeré kw. no. 2939 nalika Slasa Pòn 16 Juli dj. 8 ésoek ing Dlanggoe.
  2. Soebardi, poetrané wara lan wira Parjadi kw. no. 22637 nalika Rebo Wagé 12 Djoemadilakir 17 Juli dj. 5.15 ésoek ing Batan Semarang.
  3. Sri Djoemeno, poetrané M. Soeprapto keponakané Soesanto kw. no. 1202 nalika 20 Juli Minggoe Paing dj. 8.20 ésoek ing Boeloe Magersari Semarang.
  4. Bambang Triana, poetrané wara lan wira Soekiman Wignjokartono kw. no. 30257 nalika 22 Juli dj. 3 ésoek ing Djokja.
  5. R.r. Soelastri, poetrané R. Soemantri sekalijan kw. no. 29747 nalika 21 Juli dj. 12 awan ing Sombotr. Nambangan lor Madioen.
  6. Soeharjono, poetrané T. Tjiptosoearno sakalijan kw. no. 12935 ing Mojoredjo nalika Rebo Legi 24 Juli dj. 7 ésoek ing Ziekenhuis Juliana Madioen.
  7. Soetopo, poetrané wara lan wira Darjo kw. no. 15996 nalika Rebo Kliwon 3 Juli ing Poerwodadi Grobogan.
  8. Wida Rasika, poetrané wara lan wira Endrasoepadma kw. no. 25012 nalika 5 Juli dj. 9.15 bengi ing Petronella-hospitaal Djokja.
  9. Moerjanto, poetrané sdr. Sl. Warnodikoro kw. no. 30695 nalika Djoemoe-wah 19 Juli ing Koesoemojoedan Solo.
- Ngatoeraké poedja hardja.

### NAMBOET SILANING AKRAMA:

1. Moesriati alias Moesripah kw. no. 12849 dhaoep lan R. Soeparwan ing Pajaman Ngandjoek.
  2. R. r. Oemijati adhiné R. Dhipayoga kw. no. 30384 ing Pekalongan, dhaoep lan R. Soetarjo Semarang, nalika Senèn 22 Juli ing Paree.
  3. M. r. Kèn Andarsih poetrané M. Wirjosoemarto kw. no. 11813 dhaoep lan M. D. Sasmokoadi nalika Rebo Legi 24 Juli dj. 4 soré ing grédja Doepak Gorang-garèng Magetan.
  4. R. r. Soehirah binti R. Kartowihardjo dhaoep lan Soejoto sedoeloeré kw. no. 23332 ing Koewoe, nalika 25 Juli dj. 8 ésoek ing Togatèn Pédan.
  5. R. r. Soerjati poetrané R. Dajat Dharmosoeondo Ngadiredjo, dhaoep lan R. Soetjianto Ngadirdjo familie-né kw. no. 29100 nalika 28 Juli dj. 8 bengi ing Gandoewétan Ngadirdjo.
  6. R. r. Srie Rahajoe dhaoep lan R. Soepono sedoeloeré R. Soemandar kw. no. 28135 nalika Minggoe 4 Agoestoeng ing Kediri.
  7. Wara Oewik dhaoep lan Toegiran alias Darmosoeogito adhiné Emmie kw. no. 30884 nalika malem Rebo Legi 23/24 Juli ing Pathook Djokja.
  8. M. r. St. Asih Djojosoedarmo keponakané kw. no. 23785 ing Kendalweg Semarang, dhaoep lan R. Soebari, nalika 27 Juli dj. 7 soré ing Blora.
- Ngatoeraké kasoegangan.

### TINGGAL DONJA:

1. Wara Darjo garwané wira Darjo kw. no. 15996 mantri district I Poerwodadi Grobogan nalika malem Slasa 15/16 Juli ing Gaboes Pati.
  2. M. Kertoprawiro gep. a.w. ramané M. Asmo kw. no. 5113 nalika 21 Juli dj. 5 soré ing Pandean Gang 4 Soe-abaja.
  3. R. r. Soetirah, mbakjoené naksanak mevr. S. Goenawan kw. no. .... nalika Senèn Wagé 22 Juli dj. 8.30 ésoek ing C.B.Z. Betawi.
  4. R. Ngt. Pawiro (Roesminah), boeliké wara lan wira Karmijo kw. no. 13094 nalika 23/24 Juli malem Rebo Legi dj. 9 bengi ing Goeboeg Ngawi.
- Ngatoeraké béla soengkawa.

Djaka Sengkala matoer manéh: „Rama, bilih makaten kawoela boten saèstoe poeroeita, kawoela kalilana ladjeng sowan poeroeita ing éjang.“

Empoe Anggadjali ndjoeroengi sedyaning poetra; Djaka Sengkala ngabekti, bandjoer mesat anggegana.


Satekané ing dirgantara, Djaka Sengkala milang-miling ngoelataké sakèhing méga-méga ing tanah Indhi. Ing kono waspada ing pandoeloe, jèn ana tédja kaworjan angengoewoeng satjedhaké goenoeng Tenggoeroe. Bareng ditjedhaki, katon ana wong mandhé wesi doemoenoeng ing méga mawa tjahja mantjoer. Djaka Sengkala ngira jèn ikoe ingkang wajah, bandjoer sinambrama: „É, wajahingsoen Djaka Sengkala anak Empoe Anggadjali, tekanira ingarsaningsoen apa padha rahardja? Wroehanira, ingsoen iki éjangira kang sira oelati.“

éjang wis bisa mbagèkaké, kanthi aran sarta sesorah jèn kabener ingkang wajah; tjiptaning wardaja bakal kasembadan sedyanira antoek goeroe kang pinoendjoel ing djagad. Bandjoer matoer marang kang éjang:

(A n a t j a n d h a k é).  
SOEROHAMIDJOJO.




DIKIRA MOENGSOEH.



Batinné si Wedhoes: Tjekaké, nèk ora menang karo moengsoehkoe, mosok lè-rèna enggonkoe mbidjig!

### PAMBR.



„Wah, akoe roegi olèhkoe ngekrulné ramboetkoe dhèk wingi, nganti entèk 20 roepijah!“

„Généja roegi?“

„Sésoek akoe mleboe boewi 3 dina, marga konangan mbedhog pitik.“

### PÉTROEK NGATGERI PAMRAJOGA

Pleikling geni kang tjilik banget bisa ngobong ngen-tèkaké gedhong sapirang-pirang kang gedhé-gedhé. Samono oega penjakit gotel lan tetoe tjilik-tjilik bisa mbebriah dadi amba lan mbebajati, samono maoe jèn ora énggal diichtijari.

Moele seka ikoe loer! adja éman dhoewit esthithik, éggala kirim dhoewit njang Reclame Bureau Cunar, moendhoeta

### TRIGOLD ZALF

Sépoté moeng oega f 0,75 franco.

TRIGOLD ZALF oega botjik kanggo nanggolangi penjakit wadca.

DISTRIBUTEUR:

CUNAR, — SOEKARAJA

„HERMAN“

DJAGALAN 3/16 SOERABAJA.

Menjemboehkan roepa<sup>2</sup> penjakit  
HYPNOTISME, MAGNETISME, MEDIUMSCHAP d.  
...nja Pakai atau zonder obat.  
Djam bitjara:  
... 5 sore — djam 9 malam.  
Hari Djempaat VRIJ  
N.B. Soerat - menjoerat harap disertai prangko

KOELAK WART



DOL PROENGON

Gesubs. H.L.S. dari

Neutrale Schoolvereeniging

HET JAVAANSCH E KIND.

Terletak di Krembangan Westerkade 79, Soerabaja dekat 's-Landskas, yang soedah dapat hak persamaan (gelijkgesteld) dengan Gouvernement H.L.S.

Sekolahan ini memberi pelajaran boeat: Technische School, voorklas dan 1e. kl. Mulo, G. B. A.S. dan Industrie School boeat anak-anak perempuan, djoega memberi pelajaran „Handwerken“.

Orang-orang yang herkepenting an boleh mengadjoekan permintaan akan memasoekkan anak-anaknja boeat antero klas pada tiap-tiap hari kerdja antara poekoel 7 pagi 12 tengah hari, kepada kepala sekolah diroemah sekolahan.

Penoelis:  
Mr. SOEDARNO

NEGARA SANTOSA

MOERIH saja tjethané andharané Mr. H. J. Spit kang wis kita koelak ing minggu kepoengkoer, saiki kita patjakaké woewoehané andharan maoe, kang wis kapatjak ana ing Kadjawèn, kaja ing ngisor iki:

„Kala dinten Sabtoe kapengker, koela — pangawak tijang limrah wawan ginem kalijan tijang limrah — sampoen ngadjengaken rembag asoeraos ngadjak damel aksi njantosakaken nagari, ngadjak damel ébah-ébahan sareng saijeg.

Salebetipoen minggu kepoengker poenika, ébah-ébahan waoe sampoen katanggal, nanging saweg awoedjoed panatjad ingkang radi kelomanen, déné saijegipoen boten katingal.

Koela manah kirang prajogi manawi panatjad-panatjad waoe koela tanggapi sadaja; ingkang badhé koela rembag samangké namoeng wosipoen, inggih poenika prakawis-prakawis ingkang dados bakoening panatjad waoe.

Anggèn koela boten nanggapi waoe, inggih ngiras kanggé ngawékani, sampoen ngantos djangka ngawontenaken aksi sareng saijeg waoe ladjeng salah kadadèn dados bantah oemoem, bantah koela kalijan tetijang ingkang boten najogjani rembag koela, satemah ladjeng kathah wekdal ingkang boten toemandja.

Minangka oelar-olar, kados prajogi koela mendhet wawasan sarta pepoentoning pamanggihipoen satoenggaling ah-

li natjad ingkang adat sabenipoen pan-tjèn landhep pamawasipoen. Ahli natjad waoe damel wawasan sarta ladjeng damel pepoenton, bilih serat-serat kabar boten sami mbijantoe andharan koela, djalaran rembag koela poenika kamanah kekathahen djangka, sarta koela boten nedahaken djangka satoenggaling ingkang kalajan goemathok, mangka djangka poenika waoe wontenipoen samangké madhepa moengkoera saweg dados pependanganipoen tijang kathah, inggih poenika djangka: njantosakaken nagari mawi dedamel.

Para mijarsa, Poenapa inggih leres djangka koela kekathahen? Lan malih poenapa inggih leres bilih saking anggèn koela pisah kalijan bebrajan gesang, ngantos ladjeng boten soemerep dhateng kadjengipoen tetijang ing ngriki ingkang saestoe?

Ingkang koela kadjengaken, inggih roemijin inggih sapoenika, — badhé damel aksi njantosakaken Indhija, nanging ingkang lestantoen, inggih toemrap samangké toewin toemrap ing tembé wingking. Aksi waoe, saking angkah koela, sageda dados gegambaripoen raos manoennggil toewin raos noenggil lelampahan ingkang toewoeh sarta babaripoen awit saking wontening paperangan samangké poenika.

Manawi kapendhet blegeripoen, mengsah koela Djerman kedah sami koela tandhingi mawi salah satoenggaling dedamelipoen pijambak, inggih poenika saijeg golong manah, sanadjana anggèn koela sami saijeg béda kalijan pijambak-

ipoen.  
Dados, ingkang koela kadjengaken poenika dédé aksi sakeplasan, dédé aksi sagrabjasan toemonten sirep. Poenika boten.

Ingkang koela kadjengaken, inggih roemijin inggih sapoenika, — badhé damel aksi moerih rakjat ingriki kijat saestoe poenapa-poenapanipoen. Mila makaten, sabab sampoen terang jèn paperangan tjara énggal poenika boten nge-moengaken prakawis dedamel kémawon ingkang peloe karembag, prakawis ndjoendjoeng rakjat moerih sentosa poenapa-poenapanipoen, inggih boten kenging dipoen lirwakaken.

Déné ingkang koela manah, inggih kados ingkang dados pamanahanipoen tetijang ingkang boten tjotjog dhateng rembag koela, inggih poenika aksi sapoenika — salebetipoen mangsa perang poenika oegi, — njantosakaken pananggoelanging nagari kanthi teroesan oetawi kanthi énggal-énggalan. Djer ngretos koela dhateng bebaja Djerman ingkang badhé ngrisak kawadhagan toewin gegajohan, saestoe boten kawon jèn, katan-dhing kalijan tijang sanès-sanèsipoen.

Wondéné bab toemindaking damel, saking kadjeng koela langkoeng prajogi manawi saben-saben nemtokaken roemijin prakawis satoenggaling kalih ingkang badhé dipoen adani, dados manawi soeka pandjoeroeng tijang-tijang soepados soemerep, pandjoeroeng waoe badhé kanggé poenapa. Poenika langkoeng prajogi, tinimbang kalijan namoeng nedha pandjoeroeng kanggé weerbaarheids-

ING HWA  
LIANTIAN DOEKO SOERABAJA

各種印刷  
三色標、五色標  
各種文房印件  
各種銅版、鐵版  
各種石印、牙印  
各種電版、銅版  
各種式樣、單張  
各種鋼木、鐵印

WIGATI!!

Doeroeng bisa noelis lan goemas tjara Walanda? Betjik moendhoet boekoe iki: „Peladjaran bahasa Belanda dengan keterangan bahasa Melajoe“ rega f 1,11 (lan ongkos kirim). Bisa moendhoet marang:

R. SOETRISNO

DJAGALAN 3/32 SOERABAJA.  
P.ivaatles K. E., kanggo examen K.E.S. lan basa Walanda á f 5.— sesasi.

Sedhija pondhokan moerid-moerid sekolah á f 13.— sesasi. Keterangan marang adrès kaseboet.



Tank - tank tjilik doewèké Inggris kaja gambar ing ndhoewoer iki kena dipigoenakaké ana ing lemah kang keprjé waé lan bisa loepoet saka ing djebagan.

fonds oemoem kémawon. Ewasamanten, koela meksa mrajogékaken wontenipoen fonds oemoem kémawon. Éwa samanten, ljan dipoen pilah-pilah, preloenipoen saged ngekahaken raos manoenggil.

Gegajoetan kalijan poenika, wontenipoen samangké ingkang preloe dipoen tandangi roemijin inggih poenika bab padjagèn kitha (stadswachten), djer prakawis poenika oegi kalebet éwonipoen pananggoelang toer inggih sami koela adjeng-adjeng saéstoe. Bab padjagèn kitha poenika mangké badhé dipoen andharaken toewan Mansvelt. Déné bab wragad, kirang langkoeng wonten 2 oetawi 3 joeta roepijah.

Menggah rantjangan kados ingkang koela atoeraken waoe, toewin sahipoen saking pamanggih koela makaten :

Manawi arta ingkang badhé kanggé tandangi salah satoenggaling pandamelan sampoén nglempak, sarta kinten-kinten sampoén kénging dipoen tandjakaken, Séntral Komité ladjeng badhé soeka antjer-antjer pandamelan sanésipoen malih, sawerni oetawi langkoeng. Déné ingkang dados warga komité badhéniipoen inggih mawi mendhet pangarsaning Komité-komité gewest kados oesoel ingkang katampékaken dhateng Séntral Komité énggal poenika.

Déné bab kathahing pandjoeroeng woelan, badhé katetepaken kados samangké, inggih poenika sakedhik-sakedhikipoen 1% ngantos 5% ning pamedal ing sawoelan-woelanipoen. Wiwit woelan ngadjeng poenika pandjoeroeng waoe sasampoena kapasokaken dhateng weerbaarheidsfonds oemoem, medal komité gewest ing panggènanipoen pijambak-

pijambak. Déné ingkang badhé njpeng administrasipoen, De Javasche Bank.

Prakawis Koningin Wilhelminafonds poenika boten dipoen kéndeli babarpisan, ingkang dipoen kéndeli roemijin oetawi dipoen soemenékaken namoeng aksinipoen. Déné rembag-rembag ingkang sampoén dipoen tampi sarta ingkang sampoén badhé dipoen tindakaken, badhé kaladjengaken. Wondéné manawi wonten ingkang taksih kentjeng badhé ngladjengaken anggènipoen soeka pandjoeroeng dhateng fonds waoe. kénging-kénging kémawon.

Minangka panotoeping andharan, koela badhé soeka katerangan sakedhik ing bab njoemenékaken fonds waoe. Prakawis poenika inggih wonten ingkang boten najogjani.

Wontenipoen samangké, bandha waoe sampoén boten saged katandjakaken kados ingkang sinedy. Ladjeng kados-poendi? Prakawis poenika noewoehaken pamanggih warni-warni. Manawi wonten tjang sadasa rerembagan prakawis bandha waoe, pamanggih oetawi kadjengipoen inggih wonten warni sadasa. Gampilanipoen, dèrèng wonten pamanggih ingkang gembeng. Kedjawi poenika, manawi ngrembag prakawis fonds waoe inggih kathah ingkang ke-soepèn bilih arta waoe sajektosipoen ingkang samangsa-mangsa saged nandjakaken namoeng Srimaharadja Poetri.

Gegajoetan kalijan poenika, ing sadèrèngipoen wonten pamanggih oetawi panedha ingkang kénging dipoen anggep dados wedaling pangadjeng-adjengipoen rakjat oemoem oetawi apesipoen sapérangan ageng. Séntral Komité bo-

**KANGGO KEPENTINGANÉ SEDOLOER! KANGGO KEPERLOE-WANÉ PARA KOELAWARGA! KANGGO KABOETOEHIANÉ BANGSA KITA!**

Prajoga dadi wargané **BOUW- & SPAARKAS** kang diatoer soepaja gawé oentoengé oemoem, lan peratoerané gampang dimengertèni déning sadhéngah oewonga!!!

**HIMP. BOUW- & SPAARKAS "BOROBOEDOER"**

Tansah sedia ngoetangi marang para wargané sadjeroné weltoe kang padhék banget, kang bakal dianggo toekoe (gawé) omah, lojji, sawah, pamarangan-oetawa kanggo palemahan, toer tanpa nganggo rente (amakan).

Simpanan sesasiné f 0,50 bisa oetang .....	f 250.-
" " " 1.- " " .....	" 500.-
" " " 2.- " " .....	" 1000.-
" " " 3.- " " .....	" 1500.-
" " " 4.- " " .....	" .....

lan ngono sapitoeroeté nganti oetangan kéhé .. 7500.-

**HIMP. BOUW- & SPAARKAS "BOROBOEDOER"** ikoe sawidjining bebadan Cooperatie doewèké bangsa kita Indonesia, kang ngoesahaaké bouw- lan spaarkas toemrap bangsa Indonesia, kanggo saindengé Indonesia, lan kang ndoewèni atoeran kang bener-bener ngoentoengaké oemoem.

Jèn boetoe keterangan kang loewih tjetha soepaja tepoeng remboeg karo Hoofdkantoré ing BIOSCOOPWEG N<sup>o</sup>. 8 BOGOR. telf. No. 373.

Directoer  
**Mr. A L W I.**

N.B.  
Lajang-lajang kang perloe nganggo wangsoelan soepaja dikanthèni prangko kanggo wangsoelané.



**LELOETJON**

**KAREBEN ALOES.**

Djengkiroet: Poe; djaranné keroen, ja!  
Poetoe; Kok dikerok karebèn apa?  
Djengkiroet: Karebèn resik lan aloes.  
Poetoe: Jèn ngono loewih betjik tak rempelagé waé, mèn bisa aloes.

**ANGEL WANGSOELANE.**

Goeroe: Rolas kapara lima olèh pira?  
Moerid soewé ora mangsoeli.  
Goeroe: Apa angèl pitakonkoe ik?  
Moerid: Pitakènipoen mboten angèl ingkang angèl wangsoelanipoen.  
Soerjadi.

**PETJEL DHORANG.**

Dhoedha anjaran: Pak Din, kowé mengko ora soesah sadhija apa-apa. toekoewa dhorang mbandjoer dipetjel, rak bisa nindakna, ta.  
Pak Din: Saged, ndara.  
Djam loro awan.  
Dhoedha: Lo, kok ngéné, metjel dhorang djaré moeng sa-eri-eriné. Apa kowé bijèn ora taoe weroeh nalika bendaramoe metjel?  
P. Din: Inggih sampoén, nalika ngoendoeraken dhaharan soemerep koela. kantoen eri-eri thok.  
Koemolo.

ten saged njeled anggènipoen sampoén moetoès njoemenékaken fonds waoe.

Pangadjeng-adjeng koela dhateng Comité van actie ing Salatiga, katerangan koela ingkang poengkesan poenika kaanggepa dados wangsoelanipoen tilgram ingkang katampékaken dhateng koela kala wingi.

Para prikantja. Bab djangka toewin bab pandamelan ingkang badhé sami koela tandangi, sampoén koela gampilangaken malih. Sapoenika soemangga, koela atoeri nglimbang - nglimbang sarta netepaken pamanggih pandjengangan pijambak-pijambak.

Nanging moegi-moegi kémawon pamanggih waoe sampoén sanès kadjawi sedya sami badhé mbijantoe Aksi njantosakaken Indhija poenika.



**KORESPONDENSI**

**SAKA ADM.**  
Abonne No. 25408 Gorontalo. Oeang soedah kita terima dengan betoel.

**SAKA REDACTIE.**  
Sdr. abn. no. 32474 Kottagedé: Ora perloe ndjaloké idin. Jèn boekoéné wis rampoeng pangetjapé, sing kadjibah ngirimaké marang panggedhé B.B. lan P.I.D. adat sabèn moeng drukkerij kang ngetjap. Jèn pengarang nganggo djeneng sesinglon, koedoe nerangaké djenengé sedjati lan adrèsé kang tjetha.

Sdr. Oemardjandjani. Rambipoe-dji: Tetemboengan ikoe ora ateges ngina, nanging malah ngoermati marang kang dioendang.

Sdr. Moehadi. Getas: Ora perloe nganggo idin.

Sdr. Abn. 19301 Tjepoe: Foto koerang scherp, ora kena digawé cliché.

*Djangan Lupa Rakak Gelas*

**MIRIN**

**KOEDJES**





## FEUILLETON

### DÈWI SRI TANDJOENG

Gegambarané poetri oetama.  
Kadjarwakaké kelawan merdika saka  
toelisan pégon.

Déning : DARMOWIJONO.

#### III.

— „DHOEH, Sang Bagawan, keparenga ndjaténi tijang - tijang ingkang dados ratjoenipoen kawoela Sindoeradja, sapoenika oegi badhé koela sirnakaken, soepados mboten keladjeng-ladjeng anggènipoen damel atoe-doratjara lan nindhes kawoela Sindoeradja”.

— „Sliramoe ora perloe njoemoeroepi djenengé sidji-sidjiné satrija gadhoengan maoe, tembé mboeri bakal kewangoeran dhéwé. Elinga bebaskan : betjik ketitik, aia ketara. Lan manéhé soemoeroepa, manaoet wewarah talesing para poedjangga doek ing koena, sing sapa nglakoni aia sanadjana moeng satengoe gedhéné, mesthi bakal olèh siksa. Nanging sing sapa nglakoni betjik, sanadjana moeng satengoe gedhéné, oega mesthi bakal olèh gandjaran. Kang perloe saiki sliramoe koedoe adjagang djeru, abètèng wadja, minangka kanggo mbéngkas sakabéhé bebaja saka ndjaba. Loewih-loewih sliramoe nggèr bakal ngadhépi bebaja kang loewih gedhé, loewih nggegiris tinimbang saiki iki, moelané sing prajitna dingati-ati, éling lan waspada, dibanter panjoewoenmoe marang Hjang Maha Toenggal, moega pinajongan rahajoe tata rahardja”.

— „O, o, manawi kados makaten, dhoe Sang Panembahan pepoendhèn kawoela, swasana kraton Sindoeradja rak peteng dhedhet, kinmoelan pedhoet angkara, pinajoengan sétan bekasakan. Tinimbang koela wangsoel dhateng Kepatihhan malih, ingkang sadjakipoen sapoenika dados rebatan, aloewoeng koela ngawon kémawon, poekoeloen. Sedya koela sapoenika namoeng keparenga ndherèk mangoen maratapa wonten ing padhépokan ngriki kémawon”.

— „Karepmoe kang mengkono ikoe doeroeng wajahé, nggèr. Elinga, nggèr, jèn sira ikoe Ksatrija, wadjib ana pradja, doedoe ing pratapan. Manawa sliramoe wis soemoeroep kahanan kang ngeres-eresi, kedadéjan warna-warna kang ngrosak bebrajan, mangka sliramoe moeng keplok bokong, ngekep dhengkoel, ikoe dradjamoe dadi satrija wis ora ana, wis ilang, malah dadi wong rémèh. Marga saka ikoe tetepana enggonmoe dadi satrija. Satrija koedoe kadoenoengan aloesing boedi, bèrboedi bawaleksana, awas lan waspada, karem ing barang kang adil, bener sarta betjik. Oega koedoe toh njawa, mbélané kawoela lan pradja, soepaja loehoer lan moelja. Pradja Sindoeradja boetoe marang tandang grajang lan tenagamoe, boetoe marang toentoenanmoe, apadéné pepadhangmoe. Adja wedi pepalang, reridhoe, reribed lan sapanoenggalané. Wis kinodrat, sing sapa kepéngin anggajoe kaloehoeran lan kamoeljan, pepalang

mesthi ana, mesthi toet mboeri. Ananging jèn enggonmoe toemandang ngenas kasangsaran, noeloeng kawoela tjilik, mbrantas memala, njirnakaké doer angkara, adhedhasar santosaning tékad, tetag tanggon, koekoeh bakoeh, ora kégoeh ing pepalang, ora mandheg mangoe, tjekak-tjoekoepé : enggonné laboeh kawoela lan pradja koedoe awewaton katersnan, lan koerban, ing kono pantja baja sirna, pepalang keboentjang, ma-woet woet tapa dadi. Moelané anggèr Sidopekso, loewih betjik balija baé, tetepana darmamoe, adja kempa, adja moepoes lan adja ngesoela. Manawa enggonmoe netepi darmamoe kanthi temen-temen, ora mélik alem, ora kepéngin opah, ora dojan pangalembana, moeng mligi njamboet gawé kanggo kamoeljané bangsa, ing kono tjepak dradjad keloehoeranmoe, kowé bisa moelja sampoerna”.

R. Sidopekso kang maoené djadjabang mawinga-winga, atiné panas kaja dioeboebi, bareng ngroengoe dhawoeh sabdané Bagawan Tambang Pétra, sakala

saged tentrem”.

— „Ija, ja, nggèr, dak idèni!!!”

Boengahé atiné R. Sidopekso mrawata soetra, djalaran kedjaba bisa ngleremaké angen-angéné, ana djangka lijané kang wigati. Loewih-loewih Dèwi Sri Tandjoeng bareng soemoeroep jèn gegantilaning atiné njaré ana pretapan toer bisa oega pirang-pirang dina, banget andadèkaké boengahé.

Ora katjitra R. Sidopekso enggonné dedoenoeng ana ing padhépokan Perang-alas, saka dajaning sambang sesrawoengnan karo Dèwi Sri Tandjoeng, kang wiwitané moeng tetepoengan loemrah, soewé-soewé bisa noekoelaké katresnan, wekasan didhaoepaké.

Nalika arep dibojong menjang Kepatihhan ing Sindoeradja, Sang Bagawan Tambang Pétra maringi pepéling sethithik marang R. Sidopekso sakloron :

— „Anggèr poetoeningsoen sakaroné. Sing roekoen enggonmoe djedjodhowan, kang roentoet, kang laras, pindhané mitra kang sinarawédi. tansah nandoekaké, sih katresnan lan kasoelasan. Saréhné

ané pradja.”

Lagi saminggoe bojongan, Dèwi Sri Tandjoeng wis dadi kembang lambéné wong sa-Kepatihhan (saiki tetep aran désa Kepatihhan, pen.), satemah bandjoer misoewoer sanegara Sindoeradja. Sang Praboe Silahkrama oetawa Adikrama oega midhanget pawarta, jèn pepatihé jaikoe R. Sidopekso mbojong poetri pinoendjoel, toemoeli oetoesan abdiné, nimbali R. Sidopekso.

Ora antara soewé abdi bali nglen-thoeng, moendjoek ing ngabjantara Nata, menawa R. Sidopekso ora bisa sowan, merga lagi mrijang. Sang Praboe doeka banget, dhasar wis kisènan pitnah sing ora-ora, ngarani jèn R. Sidopekso wong kang wani ing Ratoe goestiné, mbangkang paréntah Nata. Moela saka ikoe ora kendhat-kendhat Sri Naréndra mboedidaja, bisané njirnakaké pepatihé, nanging kelawan dhedhemitan, dadi soepaja ora kewangoeran ing ngakéh.

Ésoeké kebenerah dina Anggara kasih, kabèh poenggawa pepak andhèr ngadhèp ngarsa dalem Praboe Adikrama. R. Sidopekso ora kari, malah ana ngarep dhéwé, tjaket ngarsa Nata. Sawisé ngremboeg oeroesan papréntahan pradja, lan lija-lijané, Sang Praboe noeli dhawoeh marang R. Sidopekso kanthi resepe :

— „Pepatihingsoen R. Sidopekso. Ingsoen aweh weroeh marang sira, jèn ditek djaman Najarananingsoen bijèn, ingsoen titip koembala poeti lan emas teloeng plengkoeng. Iki lajangé, patih. Lajang iki atoerna marang Bethara Endra ing Kaéndran, djalaran ija pandjenengané ikoe kang soen titipi. Poma-dipoma, lajang iki babar pisan ora kena sira watja, lan koembala poeti teloeng goeong apa déné emas teloeng plengkoeng ikoe tjangkingsen pisan. Jèn ora, sida pagas goeloenita, minangka gandjarané wong ora netepi wadjib. Moela dhawoehingsoen iki, leksananana !”

— „Dhoeh goesti pepoendhèn kawoela. Bilih dhangan saha rena ing penggalih, poenapa boten langkawon prajogi satrija sanèsipoen kémawon ingkang nglampahi ajahan poenika, djalaran se-pisan koela dèrèng naté soemerep, baja ing poendi mergi ingkang dhateg Kaéndran, kaping kalhipoen soepados kantja satrija sanèsipoen sageda oegi kaloebèran ing sih kadarman padoe-ka.”

— „Eh soemoeroepa bapa patih, mitoeroet saka pamawasingsoen, kang bisa mbéngkas karja toer ora mindho gawé, bisa angleksanani kang dadi pamoendhoet ingsoen iki, moeng sira dhéwé, patih ! Marga saka ikoe betjik sira adja madal soembi, poma dipoma lakonana préntahingsoen !”

R. Sidopekso moeng toemoengkoel mari keloe, meneng sedhéla, wosana bandjoer moendjoek atoe :

— „O, Sinoehoen, saréhné kapretidosanipoen Sang Praboe dhoemawah dhoemateng badan kawoela, pranila dhawoeh padoeka badhé koela lampuhi, namoeng idi pangstoenipoen Sri Nata dalah para kawoela sedaja ingkang koela soewoen, soepados bidhal lan sawangsoel koela saking Kaéndran ang-sala damel lan manggiha basoeki rahajoe !”

(A n a t j a n d h a k é).

—O—



R. Sidopekso nampani pasogatan saka Dèwi Sritandjoeng.

kaja disiram ing banjoe sawindoe, lilih adhem tentrem, atoeuré :

— „Dhoeh Sang Maha Wikoe, sedaja wedjangan padoeka sanget koela poendhi, koela tjandhi wonten ing telenging batos koela. Moegi-moegi sadaja tepa toeladha ingkang padoeka wedjanganen sasaged-saged badhé koela lampahi. Andjawi saking poenika, saréhné pikiran koela taksih koewoer, angen-angen ngambra-ambra, bilih dhangan saha rena ing panggalih, dhoe Sang Panembahan, keparenga koela ngempèk sawatawis dinten wonten ing pratapan Perang-alas ngriki, sageda manah lan pikiran koela

kowé ikoe satrija, gawéja lelaboehan kang maédahi marang kawoela lan pradja. Saopama ana reribeting negara, wadjib sliramoe koerban kelawan gagah prakosa, kanggo kaperloewané negaramoe. Samangsa kowé nemoe kaboengahan oetawa kasoelasan, sing tentrem. Jèn ana gawé pari gawé kang perloe, adja tinggal gelanggang tjolong plajoe, andhemana nganti toemaka ing pati. Lan manéh sing setya marang ratoe lan tanah woetah getihmoe. Sarana dalam mengkono, kowé ateges netepi kasatrijanmoe, ndjaga marang kaboetoehané kawoela lan negara, sarta njantosakaké kaslamet-



## PAPRANGAN ING BOEWANA EROPAH. SARTA SOEMOEKE ING SAINDENGE BOEWANA

(Tjandhaké kartja 4).

**M a d r i d**, 5 Aug. (Aneta-Reuter). Ing wektu iki ing Madrid lagi dadi lelimbangan, arep ngganti Cortes (parlement) dadi Kamer van Corporaties, kajadéné ing Itali. (ikoe ateges sawidjining pamboedidaja ngowahi tjaraning papréntahan ing Spanyol, kang woedjoedé ngemperi tjara papréntahan ing Itali lan Djerman, red.).

**V i c h y**, 5 Aug. (Aneta-Reuter). Minister Prantjis oeroesan djadjahan, Lemery, ngowoh marang pendhoedhoek ing Nieuw Caledonia (djadjahan Prantjis ing Samodra Gedhé) soepaja ngalang-alangi pamboedidajane djadjahan ike enggonné arep mènèhi pambijantoe marang djéndral De Gaulle.

**L o n d e n**, 9 Aug. (Aneta-Reuter). Kanajakan Inggris oeroesan perang ngabaraké, manawa barisan-barisan Inggris kang saiki dipapanaké ing Shanghai lan Tiongkok lor bakal katarik moendoer, perloe nindakaké dienst ing Ija panggonan. „Reuter“ olèh kabar saka kalangan kang njekel pangwasa, manawa pamréntah Djepang wis diwènèhi weroch bab ike. Mengkono oega pamréntah Amerika Sarékat.

Djoeroe sabda ambassade Djepang nerangaké, manawa panggedhé-panggedhé kalegan banget toemrap sikepé Inggris anggonné ngoendoeraké barisané ike. Djoeroe sabda maue ngelingaké pandjaloeké Djepang nalika Itali nggebjoer ing peperangan, kang soepaja barisan-barisan mantja

kang lagi peperangan ditarik moendoer saka Shanghai, soepaja mnggak anané incidenten (re-ribed). Sateroesé djoeroe sabda maue ndoega, manawa negaranegara Ija bakal nélad tindaké Inggris ike. Kalangan setengah opisil Prantjis nerangaké, manawa Prantjis ora nimbang bakal narik barisané, déné panggedhé-panggedhé Itali lan Amerika tetep tegohé.

**C h u n g k i n g**, 9 Aug. (Aneta-Reuter). Kapal terbang Djepang 90 ngebomi koetha Chungking kanthi hébat. Oega ing pérangan - pérangan koetha panggonané legatie-legatie lan ambassade-ambassade mantja.

**L o n d e n**, 9 Aug. (Aneta-Reuter). Kapoelowan Hebriden (sawétané Australia) djadjahan Prantjis, nggamblok marang djéndral De Gaulle (djéndral Prantjis kang mberot saka préntahé pamréntah Petain). President commissaris ing kapoelowan maue nerangaké, manawa kapoelowan Hebriden nggamblok marang De Gaulle kanthi ongas.

**L o n d e n**, 9 Aug. (Aneta-Reuter). Saka Boedapest dikabaraké, manawa Hongaria ora marem babar pisan marang sikepé Roemenia kajadéné kang djèntrehaké déning premier Gurgutu. Saka Boekarest diwartakaké, manawa pendhoedhoek akèh kang mnggak pandjaloek-pandjaloeké Hongaria kang dianggep ngajawara ike.

**S i m l a**, 8 Aug. (Aneta-Reuter). Radja Moedha Inggris ing Hindhoestan, Lord Lithlingow mènèhi katrangan penting lan

djèntreh kanggo kapentingané pangreh pradja: „Ing sasi October taon kepoengkoer pamréntah Inggris nandhesaké manéh, manawa Hindhoestan bakal didadèkaké dominion-status (merdika, nanging ora oetjoel saka gega; oetané kradjan Inggris). Baring karo ike oega katerangaké, jèn Inggris seroedjoek nambahi tjtajahing warga madjelis goepenoer djéndral, sarana mènèhi papan kanggo wakiling sakabèhé party politiek lan ngoesoelaké anané commissie pamrajoga.


Ing sadjroné ike pamréntah Inggris ngoewasakaké akoe soepaja nerangaké, soepaja sabadané perang énggal-énggal nganakaké bebadan perwakilane pérangan-pérangan kang pokok saka kabangsan Hindhoestan, kanggo ndhapoek rantjangan panitipradja anjar, lan bakal mboedidaja mènèhi sadhéngah bantoean kanggo nggelisaké kabèh oeroesan ike.”

**B o m b a y**, 9 Aug. (Aneta-Reuter). Kajektèn, manawa pemimpin - pemimpin politiek Hindhoestan ndjilmet katrangané Radja Moedha ike kanthi tluu. Pemimpin - pemimpin Congres padha ngenggoni sikepé ngenteni, sanadjan lajang lajang kabar Congres mesthèkaké manawa katrangan ike ora bisa katampa.

**A l e x a n d r i a**, 7 Aug. (Aneta-Reuter). Kabar djaréne Itali wis mleboe ing daérah Mesir ike ora ketemoe nalar. Nanging doega-doega Itali bakal énggal-énggal ngrangsang saka Lybia (djadjahan Itali ing Afrika, sakoelonné Mesir).

Kanthi opisil dikabaraké, manawa ing tapel wates Lybia tentrem waé.

**B e r l i n**, 7 Aug. (Aneta-



Orang-toea kepingin bertenaga-moeda, tjabalab minoem ini Djamoegadoeng 6 fles sadja, dapatkan kembali tenaga koerat. Pemoeda jang soeka ngantoeok, zwak, ditoeloeng oleh ini djamoegadoeng beberapa botol sadja. Per fles a f 0.30.

Temoclelawakfabr. MONOGRAM,  
Telf. N. 3912,

Sidodadi koelon gang 2 No. 6 S'baia.  
41.

Reuter). Decreet kang kawetokaké déning Hitler ngandhakaké, manawa peowentahan ing Elzas-Lotharingen (daérah Prantjis sisih lor) lan Luxemburg ing temhéné ora bakal oemantoeng manéh marang panggedhé-panggedhé wadyabala, nanging bakal kanimoin déning antepar-antepar prénar kang ana ing préntahé Hitler Joseph Birkel, Robert Wehrer lan Gustav Simon, sidi sidiné ditaké dadi panggedhé ing Lotharingen, Elzas lan Luxemburg. Baldur von Schirach, dadi panggedhé ing Wien, nggenteni Birkel.


**M o s k o u**, 7 Aug. (Aneta-Reuter). Otto Kuusinen, kang dadi pemimoin papréntahan bonékan ing daérah Finland kang wis diedjéti Roeslan, diwisodhita dadi vice-president republik Sovjet anjar, Karelia-Finland.

Manoet Radio Moskou, barisan kapal perang Roeslan wiwit ngarakaké gladhèn gedhé ana ing segara Pacific. Kang meloe ing gladhèn saikoe kapal-kapal silam, kapal-kapal perang gedhé tjilik.

Radio Moskou ngabaraké, manawa kapal-kapal perang Estland dioper ing plabochan Tallin déning barisan kapal perang Roeslan, lan gendéra Roeslan dipandjer ana ing kapal-kapal Estland. 50.000 kaoem boeroeh nganakaké demonstratie ing Tallin, kanggo nglairaké kabogahané déné Estland wis nggamblok karo Roeslan.

**L o n d o n**, 3 Aug. (Aneta-Reuter). Communiqué saka admiralat lan kanajakan gegana Inggris, kapal-kapal moengsoeh marang salah sawidjining convoy (kapal perang kang nggiterake kapal dagang) Inggris ing Kanaal. Sawidjining kapal silam dikerevata, sidi manéh karevakan kapal pesisir teloe kang ana ing sadjroning convoy karo torpedo ndjaluri kéréané.

Kapal-kapal terbang Inggris ngrabas sabagejan gedhé maedeg saka bombers kang ndjloenggoer mangsac, duning duning kapal-kapal terbang piranti panjaktaké mangung diwales déning kapal terbang piranti panjaktaké R.A.F. kanthi seroe. Kekalahane doereng kasomeroepan, wa-



Rina lan wengi, mesin batterij kanggo mbedhil mesin maboer moesoeh kang nedya nradhang negara Inggris tansah samapta mapag tekané moengsoeh kang ora bakal ngapirani.

nging terang manawa kapal terbang 53 doewèké moengsoeh diantjoeraké.

Kapal-kapal terbang Djerman ngrabasa kanthi gegolongan, koerang loewih 80; tjampohan maoe kang geter dhéwé saploké péperangan iki, kang ngiwoet ing satjedhaké pesisir-pesisir Inggris.

**Boedapest, 8 Aug. (Aneta-Reuter).** Bossy (wakil Roemenia) nganakaké piremboegan karo minister-minister Hongaria bab pamasrahan Transylvania. Wong-wong ing Boedapest (Hongaria) ngadjab karampoenganing piremboegan ikoé. Nanging kabaré wong-wong ing Boekarest (Roemenia) teroes mnggak banget jèn Transylvania kapasrahaké. Manoet pawarta, Hitler ora marem marang rendheting piremboegan antarané Hongaria lan Roemenia ikoé.

**Boekarest, 8 Aug. (Aneta-Reuter).** Wakil-wakil Boelgaria wis tekan ing Boekarest. Wakil-wakil maoe ditindhihi déning Popoff, minister ndjaban rangkah Boelgaria. Roemenia diwakili déning minister ndjaban rangkah, Manoilescu, lan wakil-wakil Roemenia ing Sofia lan Belgrado.

**Tokio, 8 Aug. (Aneta-Domei).** Djoeroe sabda kanajakan marine Djepan ana ing persconferentie nerangaké, manawa ana pawarta-pawarta, djaréné pangosoengan barang-barang prabot perang menjang Chungking isih ngliwati Burma waé. Manawa pawarta ikoé njata, kajektèn manawa Inggris njidrani djandjiné.

**Hydepark (New Yor), 8 Aug. (Aneta-Reuter).** President Roosevelt ndhawoehaké soepaja dina Ngahad 8 Sept. ikoé di-

nggo dina sembahjangan. Ing dina ikoé sadhéngah wong Amerika didhawoehi njadhong berkah marang Pangéran, soepaja ngadili negara Amerika lan donja kang lagi kena ing godha sarta ngloentoeraké bedhamèn, manoet kapertjajané dhéwé-dhéwé.

Manoet Aneta Reuter, rerowet ing Indo China saja tambah. doega-doega akèh kapal-kapal perang Djepang kang dipapanaké ing satjedhaké Formosa lan Hainan, déné kabar-kabar saka Chungking nerangaké, bab anané gerakan-gerakan barisan ing Indo China.



**KABAR APIK.**

Poestaka Nasional mènèhi kabar marang kita, jèn boekoe „Kata Peninggalan Dr. Soetomo” kang wis lawas entèk ikoé saiki arep dietjap manèh kang kaping teloné, derde druk. Ing tergahané sasi September ngarep iki, paugetjapé wis rampoeng. Isiné boekoe maoe bakal diwoewoehi manèh. Sanadjan loewih kandel, lan nadjan ragadé ngetjap moendhak, regané dloewang larang, nanging regané bakal panggah kaja bijen f 0,25.

Nanging toemrapé abonné's kita, olèh kalonggaran. Jaikoe abonné's P.S. kang toekoe boekoe maoe sadoeroengé d. d. moeng diregani 1 boekoe f 0,15. Déné jèn wis dadi, tetep rega f 0,25. Moeta betjiké padha toekoe saiki sarana kirim dhoewit f 0,15. Moeng welingé wanti-

wanti, moeg-moega pangirimé dhoewit maoe adja dititip-titipaké, nanging rechtstreeks marang Poestaka Nasional ing Boeboetan 85B, Soerabaja dhéwé.

**FONDS WARANDHA LAN BOTJAH LOLA.**

Sdr. Soeroso wis ngladèkaké amandement lan motie loro kang ndjalok soepaja: kikisan oemoer 18 taen toemrap botjah lola anaké para poenggawa negara kang wenang nampa onderstand ikoé, dioenggahaké dadi 21 taen, kajadéné pranatan toemrap bangsa Europa. Gedhéné pensioen warandha ing wektoe saiki 18% saka dhasar pensioen; iki soepaja dioendhakaké dadi 22½% kajadéné pranatan kanggo bangsa Walanda. Kateloe soepaja poenggawa negara kang blandjané koerang saka f 50, oega diwènèhi kalonggaran kanggo mèloe ngleboni contributie kanggo fonds warandha lan botjah lola.

Sawisé sarasèhan karo wakil Pamréntah lan dianani owah-owahan sawatara, motie-motie maoe katampa betjik déning Volksraad. Keprijé tangkepé Pamréntah toemrap bab maoe, kita entèni waé.

**PASAR MALEM PANTI HARSAJA.**

Saka ada-adané pakoempoelan „Panti Harsaja”, wiwit 7 tekan 14 Sept. ngarep iki ing Soerabaja bakal dianakaké pasar malem, kang olèh-olèhané bakal kapisoengsoengaké marang Weerbaarheidsfonds. Toewan goepernoer djoemereng pangajoman, déné ingkang boepati pangarsa minoelja.

**ABDIDALEM KRATON LAN KASARASAN.**

Manoet S.O., awit dhawoeh „dalem I.S.K. Soeltan Hamangkoe Boewono IX, wiwit 15 Aug. iki para abdidalem kraton kang tjekel gawé ing kantor padha kapriksa kasarasané.

**KABAR KRATON DJOKJA.**

Kadjabana pangiridan - pangiridan kanggo notjegaké karo kahanan ing kraton, oega bakal dianakaké rerigen-rerigen kanggo moderniseer dhapoekan lan papréntahan kraton, djaréné S.O.

**TOEGGAKAN PADJEG R. v. O.**

Ing Ngajodja akèh pendhoedhoek kang padha noenggak padjeg recht van opstal. Papréntahan Kasoeltanan bakal nagih oelang maoe. Djaréné S.O., tjatjahé wong kang noenggak maoe ana 90, akèh-akèhé bangsa Tionghoa. Akèhé padjeg kang doeroeng kabajar ora koerang saka f 81.000.

**O. L. MY „GOENA PRALAJA”.**

Assurantie Djiwa „Goena Pralaja” kang hoofdkantoor-é ana ing Ngajodja, wis mboekak kantor ana Soerabaja, manggon ing Kaliasin 122, telf. no. 3939, kapimpin déning sdr. Prangko, kang wis soewé dadi agent ressort Soerabaja.

**LAND- EN TUINBOUWCURSUS KLAMPOK.**

Boeroe iki land- en tuinbouwcurus Poerworedjo (Klampok) nganakaké examen poengkesan kang kateloe, lan examen E.H.B.O., dirawoehi déning ingkang boepati, ass. res., lan adj. landbouwconsulent ing Bandjarnegara. Kang mèloe examen land- en tuinbouwcurus botjah 25, sing poetoés 21. Déné sing poetoés ing pandadaran E.H.B.O. ana botjah 5. (abn. no. 28440).

**NGESTHI PANDHOWO.**

Wajang wong „Ngèsthi Pandhowo” kang matjak advertentie ing s.k. kita iki, lan kang wis diantoe-antoe tekané déning para sdr. ing Soerabaja, wis wiwit mair ana ing Soerabaja nalika 16 Aug., manggon ing Kranggan 75, tilas gedhong ketoprak. Para sedoeloer kang maoené ketjelik, saiki mesthiné kalegan.

**„PENGIKAT PERSAUDARAAN”.**

Cooperatie „Pengikat Persaudaraan” ing Billiton doeroeng soewé iki nganakaké rapat warga, manggon ing gedhong bibliotheek „Sampèrna” Manggar. Cooperatie iki wis madeg sawatara sasi, wargané wis ana 40, kaskajané wis ana f 120. Pangeroesé: ketoea sdr. Sastrodirwo, penoelis sdr. S. Wirjosendjojo, penningm. sdr. S. Tirtomoeljo, comm. van toezicht sdr. R. M. J. Tjokrodipoero, lan pembantoe sawatara. (abn. no. 25518).

**KABAR BARON.**

Saka ada-adané sawatara sdr., ing Djekèk bawah Baron wis bisa diedgaké sekolahan partikelir, kanggo noeloeng botjah-botjah saka 2de Inl. school kang neroesaké pasinaonné menjang schakel. Oega mitoeloengi marang kaoem diwasa kang woeta sastra. Kang moelang sdr. Soepangat saka Soerabaja. Kanggo badan pangawat-awat sdr. H. Mohammad Ali lan sdr. S. Soemoprawiro. (abn. no. 26492).

**ADMIRAAL NOMURA.**

Manoet kandhané „H. N.”, admiraal Nomura, tilas premier Djepang kang bijèn dikabaraké arep teka ing Indonesia, ora sida teka.

**PAMOELANGAN TECHNISCH.**

Samengko wis ana katetapan, negara ndhapoek komisi kang tinanggenah njinaoe lan ngatoeraké panemoe sarta panimbang moenggoehing woelangan technisch lan krija, kang toemindak saiki iki. Apa ikoé wis njoekoepi kanggo bebrajan apa doeroeng, kapindhoné apa pengadjaran technisch saiki kena dilestarekaké, lan kateloéné apa ing Indonesia kéné perloe dianani pamoelangan technisch tengahan.

**MOTIE BAB C.B.Z.**

P. T. I., pakoempoelan dokter sarta dokter gigi Tionghoa lan I. E. V. njercedjoeki mosiné Pakoempoelan Dokter Indonesia, gandhèng lan anané kabar



Kanthi mèsèm nélakaké gembira'ng atiné para djoeroe maboer mesin terbang R.A.F. padha katon ing gambar iki, mentas ngajahi koewadjibané saka ngrangsang moesoeh kang dohé 200 mil saka negarané.



